ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№88 (23.746) ● 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэр хэтащ УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу округым щыІэм и коллегием 2018 гъэм и ятІонэрэ ныкъуэм кърикІуахэм ятеухуауэ вэсэмахуэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм

Коллегием хэтхэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу округым щыІэм къыхигъэщхьэхуІащ ди цІыхуэхэм я гъащІэр хъумэнымкІэ, абыхэм шынагъуэншагъэ къахуэгъэпэщынымкІэ Іуэху нэхъыщхьэр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ятІонэрэ зэрыщытыр.

АБы жиІащ хабзэхъумэ органхэр а къалэн иным жыдэжру икІи тегушхуауэ зэрелэжьым и фІыщІэкІэ терроризмэм и Іэужьхэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар.

Апхуэдэу Матовников Александр жиІащ МВД-м и лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр экономикэм, абы гъэсыныгъэ-энергетикэ комплексри хиубыдэу, щыІэзэщІыхь хабзэншагъэхэр къызэпыудыныр.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм къыхигъэщхьэхуІащ коррупцэм ебэнынымкІэ лэжьыгъэри къаГъэтІэсхьэнкІэ Іэмал зэримыІэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ

КІуэкІуэ Юрий хэтащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм Москва щригъэкІуэкІа зэІущІэм

УФ-м и вице-премьер Мутко В. Л. Москва щригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А.

ЗэІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ 2019 гъэм, 2020 - 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм щІыналъэхэм я бюджетхэр зэхуэгъэхъуныр хуэгъэзауэ дотацэхэр зэрытрагуашэм пыщІа Іуэхухэм. Гулъытэ хэха хуащІащ щІыналъэхэр лъэпкъ проектхэм (программэхэм) зэрыхэтым, УФ-м и субъектхэм налогхэм я лъэныкъуэкІэ щыІэ льготэхэр къызэрыщагъэсэбэпым къыпэкІуэхэм. Мутко Виталий къыхигъэщхьэхуІащ къэралым и зыужьныгъэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэхъэнэм дызэритыр. Дыгъэгъазэм и 1-м нэсыху лъэпкъ проект 12 зэхэгъэувэн яухынущ икІи ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзауэ щытынур щІыналъэхэрщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

КъБР-м и жылагъуэхэр къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхъумэнымкІэ программэ къуэдзэм къыщыгъэцувахэр 2019 гъэм ягъэзащІэу щІадзэфынущ. УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьныгъэмкІэ и комиссэм и зэІущІэм и пэ къихуэу КІуэкІуэ Ю. А. жэуап иритащ ТАСС-м и улщІэхэм

КъБР-м и унафэщІэр щогугъ жылагъуэхэр щІыуэпсым и щытыкІэм къыдэкІуэ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхъумэным теухуауэ зэхалъхьа программэр 2019 гъэм и пэщІэдзэм щегъэжьауэ ягъэзащІэу щІадзэфынущ. УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьныгъэмкІэ и комиссэм и зэІущІэм и пэ къихуэу апхуэдэу ТАСС-м жриІащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ТАСС
ИНФОРМАЦИОННОЕ АГЕНТСТВО РОССИИ

«ДЭ ЦІЫХУХЭМ шынагъуэ хъатемыгъэхьэныкІэ федеральнэ программэм хагъэхьэн папщІэ программэ къуэдзэ дгъэхьэзыращ, къэралым и Правительствэм и Унафэщым пщэрылъ зэращищІам тету, а Іуэхум федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ кІыхьыхащ, икІи а лэжьыгъэр къызэдгъэпэщащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу округым щыІэм дыщІыгъуу. Мы проектыр ятІонэ гъэунэхуныгъэу щытыпхъэу кІыдоплъытэ, сыту жыпІэмэ яджыпсту ди къэралым и щыІпІэ куэдым дунейм и щытыкІэм шынагъуэхэр къыщашэ, абы къыхэкІыу программэр икъукІэ игъуэу щытщ апхуэдэ шынагъуэхэм кьахь зэрагъэхьэр гъэмэщІэныкІэ. Хуабжьу дыщогугъ мы Іуэхур и кІэм нэдгъэсыну, къыкІэлъыкІуэ илъэсым щегъэжьауэ къызэрымыкІуэ Іуэхухэр щыкІэлъыкІуэ илъэсым щегъэжьауэ къызэрымыкІуэ Іуэхухэр щыкІэлъыкІуэ шынагъуэм защыхъумэным.

«Программэ къуэдзэм псори къызэщІиубыдащ - гъэзэгъэкІи, псы Іофхэр гъэбыдэныкІэ лэжьыгъэхэри, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къыщыхъуэ щІыпІэхэм щыІэ ухуэныгъэхэмрэ жылагъуэхэмри икІи ар гъэзэщІэным сом мелард 22-рэ текІуэдэнущ. Мы Іуэхум и лъэныкъуэкІэ дызэхащІыкІыну догугъэ. Мыпхуэдэ щынагъуэхэр КъуэкІыпІэ Жыжьэмэ Сыбырми къэщхьэщохьэ, сыту жыпІэмэ дунейр нэхъ хуабэ мэхъу икІи абы и щытыкІэм гъэ кьэс зехьуж», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий икІи республикэм мылъкур къемэщІэкІми, абы и властхэм Іуэху пыуыкІакъэр зэрызэфІагъэкІыр къыхихуэщхьэхукІащ. «Нэгъабэ ахъшэ трагъэкІуэдауэ щытащ бгыр кьезэлъэсэх ятІонэрэ иригъэкІуэу Тырныауэ къалэм щыІэ бетон кхъуафэр гъэкъэбзэным, абы и фІыщІэкІэ къалэм мы гъэм псыдзэр щІэуакъым», - къыгъэлъэгъуащ щыналъэм и Іэтащхьэм.

А псоми къыдэкІуэу, КъБР-м и Унафэщым къыкІэлъыкІуэ, къэхъуакъэщІэхэр кьыкъуэмыкІ щыкІэ лэжьыгъэ пыуыкІакъэр зэрырагъэкІуэкІым и хьакъкІэ ахъшэ къыдагъэхуэфынущ. «ЩІэныгъэлІхэм яджыпсту зэрыжаІэмкІэ, мы Іуэхум ахъшэу нэхъ мащІэ тедгъэкІуэдэну дыхуеймэ, зэраныгъэхэр кьэмыгъэхъуным елэжьыпхъэщ, иужькІэ мылъкушхуэ дымыгъэкІуэдын папщІэ. Апхуэдэу тщІымэ, хэщІныгъэхэр хуэдэ 12-кІэ дгъэмэщІэфынущ. Ар къэпІъытэмэ, жыпІэ хъунущ ди программэ къуэдзэр федеральнэ ахъшэр къыдэгъэхуэным хуэзэнэтІауэ», - кьыпищащ КІуэкІуэ Юрий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыуэпсым и щытыкІэм пыщІауэ къыщыхъуа гуэзвэгъуэхэр

2017 гъэм и шыщхьэуІу мазэм Тырныауэ къалэм, фокІадэ мазэм Іуащхьэмахуэ лъапэ бгыр кьыгуилъэсыкІыурэ ятІонэрэ щыІэжьанэрэ къыщехащ. Апхуэдэ гуэзвэгъуэм фокІадэ мазэм цІыхуищ зэкІуэдащ, жылагъуэ зыбжанэ зыхьыхьэ Іуащхьэмахуэ курортым и щыналъэр газ имыІэжу къэнащ. Іуащхьэмахуэ хуэкІуэ автомобиль гъэзгу закъуэр щыІпІэ зыбжанэм деж псым щилъэсащ икІи а щыпІэм щыпсэухэм, зыщызыгъэпсэхухэм ящыщу цІыху мини 7-м щигъу къыдэкІыпІэ ямыІэу къэнащ.

Уэлбанэ кІыхьым и зэранкІэ 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м республикэм и Іущ-хьэмахуэ районым хиубыдэ Нартсанэ къыщІэжьипІэм деж Прохладнэ - Бахъсэн - Азау федеральнэ автомобиль гъэзгум ятІэмрэ мывэмрэ кьытрихьащ. Зы ІущхьэмахуэкІэ нэхъ пасэу, бадзэуэгъуэм и 5-м, а гъэзгу дыдэр щыпІэ зыбжанэм щигуилъэсыкІри, Іуащхьэмахуэ районым щыщу къуажищ дэубыда хъуащ. Бадзэуэгъуэм и 13-м и жэщым КъБР-м и нэгъуэщІ щыналъэхэмэ уэлбанэшхуэм и зэран кьекІащ. Жьапщэшхуэм унащхьэхэр щытрихащ Аруан районым. ЦІыху мини 6,7-рэ зыдэс Старэ Шэрэдж къуажэм электрокъару имыІэжу къэнащ. Псыхэр кьуажэм зэрыщыІэ зэрыщыІэм кьыхэжьыу, зэрыщыту республикэм и щыналъэм кьызэрымыкІуэ щытыкІэм и хабзэ щагъэуващ.

ТАСС-м кьитахэм ялкъ иткІэ.

Республикэм сом мелуанш 107-рэ хуэхахащ

2018 гъэм цІыху гуп щхьэхуэхэр хущхъуэжьэмкІэ, медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм папщІэ хущхъуэгъуэу щыт шхыныгъуэхэмкІэ къызэрагъэпэщым мурадкІэ Урысейм и Правительствэм и Іэтащхьэ Медведев Дмитрий и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым федеральнэ субвенцэу сом мелуани 107-рэ хуэдиз хуэхахащ.

«Ар яхурикъунущ зыхуэфащэхэм зыхуэныкъуэ хущхъуэгъуэ кьыхуащэхун папщІэ», - щыжиІащ УФ-м и Правительствэм и зэІущІэм Медведев Дмитрий.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 19, *махуэку*

♦Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и министерствэм и юридическэ Іэнатіэм и махуэщ

♦Тыркумэным щагъэлъэпІэ Гъэвэм и махуэр

♦1900 гъэм Париж и метрор къызэІуахащ.

♦1903 гъэм лъакъуэгъэжьажэмкІэ япэ дунейпсо зэпеуэр екІуэкІащ.

♦1918 гъэм РСФСР-м къару щигъэтащ япэ совет конституцэм.

♦1920 гъэм Урысейм къыщыхъурагъэпэщащ къэралым щІэныгъэунэшагъэр щыгъэкІуэдыныным пыщІа Іуэхухэр зэкІэлъыхьыгъэкІуэну комиссэ.

♦1924 гъэм къыдэкІащ «Красный спорт» (иджы - «Советский спорт») газетым и япэ номерыр.

♦1926 гъэм Екатеринослав къалэм и цІэр Днепропетровск жиІэу зэрахъуэжІащ.

♦1941 гъэм Сталин Иосиф СССР-м зыхъумэжакІуэ-гъэмкІэ и наркому ягъэуващ.

♦1942 гъэм Кьардэн Кьубатий Березовскэ куейм фашист къухьлъатитІ къыщиудыхат.

♦1952 гъэм Финляндиием и президент Паасикиви Юхо Хельсинки къыщыхэІуихащ XV гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Совет Союзым щыщ спортсменхэр япэу зыхэтащ а Олимпиадэрщ.

♦1980 гъэм Москва щыщІидзащ XXII гъэмахуэ Олимп джэгухэм. СССР-м и командэ къыхэхам абы къыщыкІыуэ щытащ медали 195-рэ. Советыдзэхэр Афганистаным зэрырашар хабзэншагъэу къызэрыльытэр къырагъэльагъуэу, Олимпиадэм къэкІуатэкъым къэрал 50-м щІигъум я спортсменхэр.

♦1996 гъэм Атлантэ (США) къыщыхэІуахащ XXVI гъэмахуэ Олимпиадэр. Спортсмен нэхъыбэ дыдэ зыхэтар а зэхъэзэхуэхэрщ - цІыху 10744-рэ.

♦Бзэщ1энныгъэлІ, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, **Нэгумэ Шорэ** и ІэдакъэщІэкІхэр зыджа Мещанинов Иван къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦ХХ лІэщІыгъуэм и усакІуэ нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэу щыта **Маяковский Владимир** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артист, режиссёр, тхакІуэ **Ливанов Василий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджэщІакІуэ, актёр, кинорежиссёр, Куржым и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал сауГъэтэр зрата **Кикабидзе Вахтанг** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Украинэм щыщ боксёр цІэрыІуэ, дунейпсо зэпеуэхэм мызэ-мытІэу щытекІуа, Киев къалэм и Іэтащхьэ **Кличко Виталий** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщещхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 20, *мэрем*

♦Шахматэм я дунейпсо махуэщ. 1966 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ, 1924 гъэм а махуэ дыдэм Париж Дунейпсо шахмат федерацэр (ФИДЕ) къызэрыщызэрагъэпэщам тращІыхьауэ.

♦Японием щагъэлъапІэ тенджызым и махуэр

♦Тортым и дунейпсо махуэщ

♦Колумбием и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1810 гъэм Богота къалэм цІыхуэхэр къыщыззэрыІэтащ, Испанием къэгухэу къэрал щхьэхуит хъуныр къагъэуву.

♦1534 гъэм Кембридж къалэм (Инджылыз) дунейм щыяпэу къыщыззэІуахащ тхьалъ къыщыдагъэкІ Іуэхущ1апІэ.

♦1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диныр кърагъэщтащ, Марие цІэри фІащащ.

♦1900 гъэм Франджым щыяпэу къэралым и къалащхьэ Париж метрополитен къыщызэІуахащ.

♦1941 гъэм СССР-м Къэрал шынагъуэншагъэмкІэ и цІыхубэ комиссариатымрэ Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ щІыхубэ комиссариатымрэ зэгуагъэхъэжри, Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ наркомат къызэрагъэпэщащ.

♦1966 гъэм КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я советымрэ унафэ къащтащ Волжскэ автомобиль заводыр Тольятти къалэм щыуухэным теухуауэ.

♦1969 гъэм США-м и «Аполлон-11» кхъуэныр Маззэм тетІысхащ.

♦1900 гъэм Осетие Ищхъэрэ автономнэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ я къэрал суверенитетым теухуа унафэ икІи я къалащхьэ Орджоникидзе нэхъапэм зэрездэжу щыта Владикавказ цІэр иритыжащ.

♦Совет режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист, «Семнадцать мгновений весны» фильм цІэрыІуэри нэгъуэщІ куэди тезыха **Лиозновэ Татьянэ** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Къэрал, парт лэжьакІуэ, политик **Къущхьэ Гъумар** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, егъэджакІуэ, философие щІэныгъэхэм я доктор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат **Хъурей Феликс** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Сабий усакІуэ **АфІэунэ Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦УсакІуэ, драматург, АР-м Іуэздзжэжмкі щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгейм и цІыхубэ тхакІуэ **Къуиикъуэ Налбий** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат, Кубанми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк и академием хэт **ТІрахъуэ Энвер** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист цІэрыІуэ, гъэсакІуэ, Олимп джэгухэм дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа **Жулин Александр** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщещхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЩхьэлыкІыр зыхьри мэгурым, щхьэл мывэр зыхьри мэгурым.

КъБР-м и жылагъуэхэр къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхъумэнымкІэ программэ къуэдзэм къыщыгъэцувахэр 2019 гъэм ягъэзащІэу щІадзэфынущ. УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьныгъэмкІэ и комиссэм и зэІущІэм и пэ къихуэу апхуэдэу ТАСС-м жриІащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

● Къэрал гулъытэ

Махуэ Артур и медаль

Урысей Федерацэм и Президентым 2018 гъэм мэкъуаугъуэм и 13-м къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и къуэдзэ, юстициэм и чэнджэщагъэ нэхъыжь **Махуэ Артур Лол и къуэм** къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэм и медаль.

● ЗэІущІэхэр

Адыгэ жылагъуэр зыгъэпІейтей Іуэхухэр къаІэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкІ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я редакцэхэм зэгъусэу къызэрагъэпэщ зэІущІэм и зи чэзу зэхъуэхэр мызыгъуэгум Черкесск къалэм щекІуэкІащ. «Черкес хэкум» и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ зэхуишэсащ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм, бзэм, литературэм хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІхэр.

ЗЭХУЭСАХЭР, газет Іуэхум и мызакъуэу, лъпкъыр мы зэманым зыІуэу гугъуехьхэм, абыхэм я хкІыпІэу къалЫатэхэм, анэдэлъбзэм и къакІуэнум, литературэм и зыужьыкІэм, лъэпкъ хъугъуэфІыгъэхэр хъума хъуным, нэгъуэщІхэми тепсэлъыхьащ. Апхуэдэуи ахэр газет напэкІуэцІхэм къызэрыщІэгъэльэгъуэгъапхъэр къыхагъэщащ.

Нэхъыщхьэрати, адыгэ газетищым зэгъусэу къыдагъэкІ номерхэр зытеухуауэ щытыну Іуэхугъуэхэр яубзыхуащ. Псом япэ ирагъэщащ зи хэкум къызыгъэзэжахэм я махуэр щагъэлъапІэ зыщыхьэуІу мазэм ирихьэлІэу зы къыдэкІыгъуэ яГъэхьэзырыну, адэжь лъахэм изэгъэжа ди лъэпкъэгъуэхэм я щІэныгъэ-псэукІэм теухуауэ. Абы къыкІэлъыкІэнущ ди зэманым адыгэ жылагъуэр зыгъэпІейтейм, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат гупым лъэпкъыбзэхэр зэраджыну жыпхъэм теухуауэ къыхалъхьа законопроектыр кьащтэмэ, дызыхуишэнкІэ хъунум, ар кьамыщтэн папщІэ ящІэм, адыгэшым, адыгэ Іэщэ-фащэм, адыгэ литературэм хухэха къыдэкІыгъуэ зэгуэтхэр.

«Адыгэ псалъэ«, «Адыгэ макъ» газетхэм я редактор нэхъыщхьэху Хьэфыщ1э Мухьэмэдэрэ Дербэ Тимурэрэ «Черкес хэкум« и редактору иджыблагъэ яГъэува Абидокъуэ Люсанэ ехъуэхъуащ и щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ ирихьэлІэу адыгэ газетым куэдрэ хуэлажьэну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ урысейпсо мотофестиваль щекІуэкІынущ

Фестивалыр бадзэуэгъуэм и 28-м къызэІуахынущ. Абы мотоциклист 200-м щигъу, Урысейм и щІыналъэ псоми щыщу хьащІэ 250-рэ хуэдиз кьрихьэлІэнущ.

Мы Іуэхур къызэрегъэпэщ «Бгырысхэр» мотоклубым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Дыгъуасэ Ставрополь къыщыззІуахащ «Инфофорум. Кавказ Ищхъэрэ» щІыналъэ зэхуаку конференцыр. Абы хэтащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ.

ЗэІущІэр зытеухуар Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм заужьыныкІэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм кьит зэфІэкІхэр кьэгъэсэбэпынырщ, информацэм и лъэныкъуэкІэ шынагъэншагъэ къызэгъэпэщынырщ, «электрон правительствэм» и системэм хиубыдэу иджырей технологиехэр кьэгъэсэбэпынырщ.

ЗэІущІэм хэтахэм фІэхъус псалъэхэмкІэ захуигъэзащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ, Урысейм и ЛІыхъужь Матовников А. А. Абы къыхигъэщхьэхукІащ бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэм зыщажь лъэхъэнэм Интернетым и дунейпсо сетым шынагъуэ пыуыкІахэр къызэрихьыр икІи абыхэм защыхъумэн зэрыхуейр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Аслан зэрыжиІамкІэ, Инфофорумыр сэбэн хъунущ ведомствэхэм, щІыналъэхэм я зэдзэжьэныгъэм зегъэубгъунымкІэ, иджырей технологиехэр джыныкІэ, зэпІэзэрыт зыужьныгъэм шынагъуэ къытемыгъэхьэныкІэ.

Конференцым Іэщ1агъэлІрэ эксперту 400-м щигъу, властым и гъэзэщІакІуэ, законхэр къыдэзыгъэкІ органхэм я лІыкІуэхэр, бизнесменхэр хэтщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Зэ1ущIэхэр

Зэгупсысыни зэфIагъэкIыни я мащIэкъым

Дэ, газетхэмрэ радиомрэ я лэжьакIуэхэм, сыт щыгъуи тфIэфIт гъэмахуэ хъупIэхэм дыкIуэну. Я1пэрауэ, щIыпIэ дахэхэм дакъыхэхутэрт, етIуанэрауэ, тлъагъурт республикэм и Iэщыхъуэхэм я зэхэтыкIэр, гукъыдэжьыщхуэ яхэлъу я Iэнатlэ мытыншым зэрыпэрытыр. Иджы, зэрыгурыуэгъуэщи, щытыкIэм зихъуэжащ, арщхьэкIэ къурш лъапэхэм щыIэ хъупIэхэм я мыхьэнэр къэнащ. Нэхъыщхьэр, нэхъапэхэми хуэдэу, а щIыналъэм гъэшэкIыу, лыуэ куэд къыщалэжьыныр, Ар щIэгъэкъуэныщхуэ хуэхъунущ республикэм и экономикэм зегъэужьыным.

МИС а къалэным теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зы мазэм кърибудыдэу Iэщыхъуэхэм я деж кIуэуэ иригъэкIуэкIа зэIущIитIыр. Абыхэм хэтащ ЩIы, мыльку зэхущытыкIэхэмкIэ министерствэм, КъБР-м ВетеринариемкIэ и управленэм, «КъБР-м и гъэмахуэ хъупIэхэр» къэрал кIэзонэ Iэхущ1анIэм, мэкъумэш хозяйствэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым я лIыкIуэхэр, мэкъумэш хозяйствэмкIэ район управленэхэм, фермер Iэхущ1анIэхэм я Iэтащхьэхэр.

Мы мазэхэм я унагъуэхэм япэжыжьуэ лажьэ Iэщыхъуэхэм ущIэ куэд яIэт. Псом хуэмыдэу ар зэхьэлIар бэджэнд Iуэхурт. Абыхэм жэуап иратащ.

Псалъэм и хьэтыркIэ, Дзэлыкъуэ районым щыIэ Каменномост къуажэм и фермерхэм гурагъэIуащ «Iэщхэр яхуурэ зыщагъэхуэкIуэну щIыналъэхэр зраубзыхуну, ахэр кIыхьзрагъэсэбэпыну хабзэхэм я IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закону 2011 гъэм мэкъуаурэгъуэм и 28-м КъБР-м и Парламентым кьищтам иткIэ апхуэдэ щIыхэр ди республикэм гектар мин 212-рэ 800-рэ зэрыщIыхьр.

А щIыпIэхэр КъБР-м и къэрал мылькуц, абы и цIыху псоми зэдайщ, а щхьэусыгъуэм кIыхькIыуи зыми зриIъэфалIэ хъунукъым. Ахэр бэджэнд хабзэм тету фIэкIа нэгъэущIу къагъэсэбэпынукъым.

ЕтIуанэрауэ, Iэщыхъуэ псоми хъупIэхэр къагъэсэбэп хъунукъым, зыхуохаха мурадым ткIийуэ тету фIэкIа. ХъупIэхэр ирагутыкIыу, яуфIейуэ, щхъухь зэмылIэужьыгъуэхэр тракIэу, щIыгулъыр зыIэрагъэхьэну хуиткъым.

Аурсэнтхэр Хеймащэрэ щылажьэ Iэщыхъуэхэр щIэупщIащ гъэшымрэ лымрэ я уасэр зыхуэдизын хуейм. Абыхэм кьалъытэ ахэр «Экологие и лъэныкъуэкIэ ерыскъыхэкI къэбзэщ» дамыгъэр тегъэуауэ ящагъхъэу.

- Удэ Iувхэр къыщыкI бгы лъапэхэм къыщрахьэлIа гъэшымрэ лымрэ, шэч хэмылъу, нэхъ лъапIэн хуейщ, тафэхэм къащыIэрыхьэ апхуэдэ ерыскъыхэкIхэм елытауэ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Говоров Сергей. - Апхуэдэуи гурыIуэгъуэщ иужь зэманым мы Iэнатlэм зэныкъуэкъур нэхъ ткIий зэрыщыхьуар. Абы кьыхэкIыу хэкIыпIэу тлъагъур зыщ - гъэшрэ лырэ къэзылэжь фермерхэр зы кооперацэу зэкъуэузэнырщ. ИтIанэ Iэмал кьыкъуэкIынущ я продукцэр яхуэфащэ уасэхэмкIэ ящэну. Апхуэдэу фызэгухьэмэ, къэралым кьыфхуиутIыпщыну ахъшэр къэвгъэсэбэпыфынущ фи Iэнатlэм зевгъэужьын папщIэ.

Бэджэнду ята хъупIэхэм удэ екIужьхьэмрэ хьэпIацIэхэмрэ яхэзыгъэкъэбзыкIын хуейр хэт?

А упщIэм жэуап щритым мэкъумэш хозяйствэмкIэ министрым и къуэдзэ Шэт Мэчрэ1ил кьыхигъэщащ щIы Iыхьэхэр бэджэнду кьеIызыхахэр абыхэм я щIыуэпс шынагъуэншагъэм и хабзэхэм ткIийуэ тетын зэрыхуейр. Ахэращ а хъупIэхэм я щытыкIэмкIэ жэуап зыхьыр.

ЗэIущIэхэм кьыщIэтащ нэгъуэщI Iуэхухэри. ВетеринариемкIэ Iуэхущ1анIэм и Iэщ1агъэлIэхэр щхьэтечу тепсэлъыхьащ «Меркурий» IэмэпсымэмкIэ электрон сертификацэ зэрырагъэкIуэкI щыкIэм.

Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, зэIущIэхэр кьыщIэта Iуэхуэхэр щIэгъэкъуэн яхуэхъунущ къурш лъапэхэм щылажьэ Iэщыхъуэхэм.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Узыншагъэ

ХьэцIыкIу Аксанэ сымаджэщым тыгъэ хуещI

Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым псапащIэ Iуэхукlэ щIэх-щIэхыурэ зыщIагъакъуэ зыхуэзэфIэкIхэм. Щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ ХьэцIыкIу Аксанэ апхуэдэ Iуэхукlэ нэхъапэми дэIэпыкъуэгъу хъуауэ щытащ. Иджыблагъэ дохутырхэм епсалъэри, сымаджэщым анестезиологиемрэ реанимацэмкIэ и кьудамэм сом мин 400 и уасэ Iэмэпсымэ кьахуищ-хуащ. Iэнатlэм и дохутыр нэхъыщхьэ Гущэл Людмилэ кьыэрыджиIамкIэ, операцэ нэужьым щытыкIэ хьэлъэ итхэмрэ сабийм и гъащIэмкIэ шынагъуэу щыт узыфэ Iейхэр зиIэхэмрэ я дежкIэ икъукIэ зыхуэныкъуэт ар.

НЭХЪАПЭIУЭКIЭ хьэрычэтыщIэ бзылъхугъэр сымаджэщым и ларингит кьудамэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хьуащ икIи инфузомат Iэмэпсымэр кьахуищэхуауэ щытащ.

ХьэцIыкIу Аксанэ зэрыжиIэмкIэ, сымаджэщым зэрыхуэзфIэкIкIэ зыщIигъакъуэм мурад ищIат илъэс зыбжанэ и пэкIэ и сабийр и гъусэу абы щыщIэхуам. ЩытыкIэ хьэлъэм ита и быныр дохутырхэм кьрагъэлати, сыти яхуищIэну хьэзырт. «Яэныкъуэхэм деж Москва и клиникэ нэхъыфIхэм укIуэну Iэмал уиIэми, сымаджэм и щытыкIэр зэрыхьэлъэм кьыхэкIыу, ар епшажьэ хьуркъым. ФIыщIэ яхуэощI си сабийр зыгъэхъужа дохутырхэм. Iэщ1агъэлIхэм я лэжьыгъэр кьащ1ызыгъэпсынщIэн, сымаджэхэм щхьэпэ яхуэхъун Iэмэпсымэ яIэну сыхуейт. АдэкIи сымаджэщым зыщ1эдгъэкъуэну ди гуГэщ, ар псапэ зыпылъ Iуэхуу кьадолъытэри», - жиIащ ХьэцIыкIу Аксанэ.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Гущэл Людмилэ, Iэщ1агъэлIхэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэм ХьэцIыкIум фIыщIэ хуащIащ Iэнатlэм зэрызыщIигъакъуэм папщIэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Банк Iуэхухэр

ЩIыхуэ тыным щIедзэж

ХъумапIэ банкым щIидзэжащ гаражрэ машинэ гъэувыпIэрэ къращэхун папщIэ кредит тыным.

А IУЭХУГЪУЭМ цIыхухэм Iэмал ярет гаражрэ машинэ гъэувыпIэрэ щIа хьэзыруи щаухуэкIи зыIэрагъэхьэну, кьищыкIэмыщIауэ, яIэ щIы Iыхьэм е кьащэхум ахэр езыр-езыру щызэфIагъэувэну.

Гараж е машинэ гъэувыпIэ кьыщащэхукIэ ставкэ нэхъ мащIэ дыдэр илъэсым хуэзэу проценти 10 ирокъу. ПэщIэдзэ хэлъхьэныгъэр процент 25-м кьыщыщIедзэ, щIыхуэзэрат пIалъэр мазэ 12-м кьыщыщIэдзауэ илъэс 30-м нос. Мылъкур зэреймкIэ щIыхьэт тхыльэр хьэзыр хъухукIэ ставкэр зы проценткIэ докIуэй. ГъащIэмрэ узыншагъэмрэ страховани ямыщIамэ, аргуэру зы процент кьыхуащIыну.

«Европей хэзырычэтыщIэхэм я ассоциацэм кьызэритамкIэ, 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм урысей авторынокым процент 18,2-кIэ хэхуауэ. Иджы яуухэ унэ комплексхэр кьанэ щIагъуэ щымыIэу кьызэгъэпэщащ щIы щIагъ паркингхэмкIэ. Унэщ1э кьыщищэхукIэ цIыхум ахъшэшхуэ трегъэкIуадэ ар зыхуэй хуэгъэззэным икIи дэ абыхэм дадоIэпыкъу автомобилхэр щагъэувыну щIыпIэр зыIэрыгъэхьэнымкIэ», - кьыдгурыгъэIуауэ Хьуманпэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Тэрч щIыналъэ

Iэмал псори къаГъэсэбэп

Иджылахъстэнэйм и нартыху, сэхуран губгъуэхэм иджыпсту я фIыгъуэщ. Гъавэм зэран кьыхуэхъункIэ хъунур градус 38 - 39-м нэс хуабагъыр аращи, абыи хэкIыпIэ кьыхуагъуэт. «Къэббалъкъмелиоводхоз» къэрал Iуэхущ1апIэм и Тэрч щIыналъэ системэм и лэжьакIуэхэр бадзэуэгъуэм и дуней щытыкIэм кIэлъыплъ зэпытщ.

КИЛОМЕТР 15-м нэблагъэ зи кIыхьагъ кIэнауэхэр иужьрей илъэсищым кьриубыдэу зыхуей хуагъэзащ: абыхэм кьыдагъэкъэбзыкIащ зэтрихьауэ дэлъ пшахъуэмрэ удз екIужьхьэмрэ. Яэныкъуэ щIыпIэхэм ущащихьэлIэрт кIэнауэ уэхуэдияхэм ящыщ Iыхьэхэр хэмытыжу е сэкъатыщхэр ягъэтауэ. Апхуэдэхэри зэрагъэпэщыжауэ жылагъуэхэм хъарзынэу кьыщагъэсэбэп.

Гъавэ щIапIэхэм псы щIэгъэлъэдэнымкIэ Джылахъстэнэйм кьыкIэрыхуркъым Прохладнэ, Май щIыналъэхэри. «Красная Нива», «Ленинцы» Iуэхущ1апIэхэм мэкъумэшыщIэхэм, кIэнауэхэм кьищынэмыщIауэ, псыутхъэри яIэщ. Абы Iэмал кьарет губгъуэхэм, жыг хадзэм пIалъэ пыуыкIам тету псыр щIагъэлъэдэну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къэзыгъапц1эхэмрэ абыхэм якъуэтхэмрэ

Бахъсэн къалэм и прокуратурэм къипщытащ жэуаплныгъэ зэхэгъэщхьэхукIэ зыхь «Юг-Агро» Iуэхущ1апIэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр.

СЭТЕЙ къэхъуащ а Iуэхущ1апIэм щIы Iыхьэ 26-рэ илъэси 7 пIалъэкIэ бэджэнду къыIихыну Дзэлыкъуэ районым и администрацэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м зэрыгурыIуар. Иужькlэ зэгурыIуэныгъэм и къарур илъэс 49-м нэскIэ ягъэIапхъуащ.

«Псынэдахэ» ООО-р щэсыпIэу ягъэуври, Москва къалэм и «Внешэкономбанк»-мрэ «Юг-Агро»-мрэ 2013 гъэм накъыгъэм и 8-м зэгурыIуащ иужьым кредиту сом меларди 3,7-рэ кьратыну. Сакъылэту ягъэлъэгъуат ищхьэкIэ зи гугъу тщIа щIы Iыхьэхэу щIыналъэ мылъкуу щытыр.

Зэгурыуэныгъэр хуэгъэзат джэдылрэ гуэгушылрэ кьыщалэжьыну джэдкъаз комплекс ухуэным. Иужьрейм хуабжьу зэныкъуэт Iус зэхэлъ куэд щагъэхьэзыр «Псынэдахэ» ООО-р.

Къалэ тепльэ зиIэ Дзэлыкъуэкъуажэм, Псынэдахэ, ЯтIэкъуэ къуажэхэм, нэгъуэщI жылагъуэхэм джэдэщ 32-м я лъабжьэхэр щаухуащ.

«Внешэкономбанк»-м мы лэжьыгъэхэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ 2015 гъэм щIышылэм и 14-р къэсыху псори зэхэту сом мелард 1,1-рэ кьыхуиутIыпщащ. АрщхьэкIэ проектыр ягъэзэщIакъым, Дзэлыкъуэ районым къэкIуа ахъшэри къэрал корпорацэм иджыри кьэс иратыжакъым.

«Юг-Агро»-м и Iэтащхьэм и кIэрыутIыпщыныгъэкIэ ООО-м ипэжыпIэкIэ хуэмыгъэзэщIэж хуащ езым и пщэ дилъхьажа къалэнхэр. Арати, банкым КъБР-м и Арбитраж Судым зыхуигъэзащ, «Юг-Агро»-р банкроту (мылъку имыIэжу) кьилытэн хуейуэ елъэIуу.

Республикэм и Арбитраж судым 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м Iуэху №А-20-3045/2017-м трищIыхьа унафэмкIэ а лъэIур яхуищIащ икIи ООО-м и Iуэхуэр зезыхьэну управляющэ игъэуващ, конкурскIэ кьызэрыхахам ипкъ иткIэ.

2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м кьыщыщIэдзауэ 2015 гъэм щIышылэм и 15-р къэсыху гъэпцIагъэкIэ кредит ахъшэ 1,1-рэ зыIэрагъэтхьа кьулыкъущIэхэмрэ абыхэм якъуэтхэмрэ ялажьэр зыхуэгъэзар зыхуагъэувыжа къалэнхэр ямыгъэззэщIэнырщ, щIыхуэхэр ямытыжынырщ, мылъку имыIэжу «Юг-Агро»-р кьыщIрагъэдзу а ахъшэр зэхадыгъэнырщ.

Бахъсэн къалэм и прокуратурэм къэпщытэныгъэм кьрикIуахэр зыхуигъэхьа органым 2018 гъэм мэкъуаурэгъуэм и 30-м уголовнэ Iуэху кьиIэтащ УФ-м и УК-м и 159.1-нэ статьям и 4-нэ IыхьэмкIэ (кредит кьыщыIахым ахъшэшхуэкIэ гъэпцIагъэ Iуэху зехьэныр), апхуэдэу УФ-м и УК-м и 196-нэ статьямкIэ (езыхэм яфIэфIу банкроту зыкьыщIрагъэдзыныр).

Мы зэманым хабзэхъумэхэм Iуэхур зэхагъэкI.

Сом мелуани 9 зыкIэщIаупщIэ

Республикэм и прокурорым и къуэдзэ Лаврешиным Iэ тридзащ УФ-м и МВД-м КъБР-м щиIэ Следственнэ кьудамэм къиIэта икIи зэхигъэкIа уголовнэ IуэхумкIэ зэрагъэкъуаншэ тхылъым.

ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ щыщ зэкъуэшитI суд пащхьэм ирашэлIэнущ УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэмрэ (ялэщIыкIэ зэгурыIуэу цIыху гупым гъэпцIагъэкIэ ахъшэшхуэ зыIэрагъэхьэныр), УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм (зэгурыIуэу цIыху гупым гъэпцIагъэкIэ ахъшэшхуэ дыдэ зыIэрагъэхьэныр) кьыщыщIэлъэгъуэ щIэпхъаджагъэхэр зэрызэхащIыхьамкIэ.

Хабзэхъумэхэм кьалъытэ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр кьагъапцIэкIэрэ, езыхэр зэгурыIуэу 2014 гъэм шыщхьэIуфм кьыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм нэсыху кьэралым мэкъумэшыщIэхэм гъавэ кьэлэжьыным трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэ яхуипшыныжьын папщIэ кьиутIыпща бюджет ахъшэм щыщу сом мин 738-м щигъу ядыгъауэ.

Апхуэдэ дыдэ Iэмалкlэ зэкъуэшхэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым кьыщыщIэдзауэ 2016 гъэм мэкъуаурэгъуэр кьэсыху псори зэхэту сом меларди 4,7-рэ зэкIэщIапщIащ.

Хьэсхэсэм псы езышалIэ кIэнауэхэр ухуэным ещIыщIа лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэну ахъшэми гъэпцIагъэкIэ сом меларди 3,7-рэ кьыхагъэкIащ.

Iуэхур щIыззхагъэкIым ягъэкъуаншэхэм жаIакъым кьэралым ирата хэщIыныгъэр зрипыныжьын хуейуэ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъым Iэ тradза иужь уголовнэ Iуэхур Налшык къалэ судым хуагъэхьащ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Токъуий Заудин и IэнатIэщIэ

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин Михаил бзэжьей кIуам КъБР-м МафIэсым пэщIэтыныжьмкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэм и гупым яригъэщIыхуащ Iэнатlэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэззэщIэну Токъуий Аслъэнбий и къуэр.

УПРАВЛЕНЭ нэхъыщхьэм и Iэтащхьэм жиIащ Токъуий Заудин и Iэщ1агъэм зэрыхуэзыжьыр икIи ехъуэхъуащ дзыхь хуащIа кьулыкъым ехьулIэныгъэ щIиIэну.

Надежин Михаил тепсэлъыхьащ Iуэхущ1апIэм кьыпэщыт зэхъуэкIыныгъэхэм.

- КъБР-м и Правительствэм и унафэм ипкъ иткIэ, МафIэсым пэщIэтыныжьмкIэ къэрал Iуэхущ1апIэр хуагъакIуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр мафIэс-къегъэлакIуэ Iуэхущ1апIэ» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм. Абы и лэжьакIуэхэм я бжыгъэр 670-рэ хъунущ. Кьызэрагъэпэщынущ комиссэ, мазищкIэ зэфIэкIкIи хуей зэхъуэкIыныгъэхэм и нэIэ тетыну, - жиIащ Надежин Михаил.

Iуэхущ1апIэщIэм хыхьэнущ Май, Шэрэдж, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Прохладнэ районхэр зыхъумэну мафIэсгъэункIыфI часть 11, КъБР-м и ГПС-м мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и кьудамэхэр, къэпъыхьакIуэ-къегъэлакIуэ гупымрэ я Iэщ1агъэмрэ зэфIэкIымрэ щыхагъахьуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр къегъэлакIуэ Iуэхущ1апIэ» центрымрэ.

* * *

Токъуий Заудин Аслъэнбий и къуэм илъэс 52-рэ и ныбжьщ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ, къэрал кIуэщI къулыкъум отставкэм щыIэ и полковникщ. 1986 гъэм кьыщыщIэдзауэ мафIэсым пэщIэтыныжьмкIэ къэрал Iуэхущ1апIэм кьулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щрихьэкIащ, 2009 - 2014 гъэхэм - КъБР-м и ФПС-м и япэ гупым и унафэщIу щытащ. 2014 - 2018 илъэсхэм - Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым и унафэщIщ. Унагъуэщ, кьуитI иIэщ.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Шэджэм къалэм и гуэгуэхэр зыхуей хуагъаззэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР щокIуэкI Советскэ, Садовэ, Лагернэ, Учительскэ, КIарэм и цIэр зезыхьэ уэрамхэм. Къалэ администрацэм хъыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, мы уэрамхэм тельыр мывэкIэщхъ щабэщ. Апхуэдэ гуэгуэхэр транспортымкIи цIыхумкIи тыншщ: джафэщ, гъущэщ, кумбльэмб хъуркъым. Абыхэм я лъабжьэр бгъэбыдэмэ, пIалъэ кIыхькIэ кьагъэсэбэпынущ. КъищынэмыщIауэ, мывэкIэщхъ гъуэгуэхэр ухуэнми, я зэгъэпэщыжьыми ахъшэ куэд текIуадэр-къым. Зи гугъу тщIа уэрамхэм кьадэкIуэу, Пролетарскэ, Амбарнэ, Трансформаторнэ уэрамдыжьхэми тельэ мывэкIэщхър кьагъэщIэрэщIэжынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэджэм щIыналъэ

Гъуэгухэм йолэжь

Жылагъуэм пщIэ щызиIэ унагъуэхэр иджыблагъэ щагъэлъэпIащ Бахъсэн щIыналъэм.

ГУФIЭГЪУЭ пшыхьыр кьызэIуихащ Бахъсэн щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Балъкъыз Артур.

- Ди гуэл зэрыхъунщи, ди районым унагъуэ дахэ куэд исщ ди щIыналъэм и зыужьыныгъэм, ар ефIэкIуэным хущIэкъуэху, - жиIащ Балъкъыз Артур. - Ахэр къэралым илъэс куэдкIэ хьэлэлу хуэлэжьахэщ. Унагъуэм и быдагъэм, и фIагъуэм ельытащ къэралыр зыхуэдэнури. Шэч хэмылъу, апхуэдэжьи щащIохъуэ сабий зэчиифIэхэр, хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъ щIэблэ зэрыщIэ. Си гуапэу сыныбжьуэжьу иджыри илъэс куэдкIэ фефIакIуэ зэпыту фызэдэпсэну.

Зэхьхьэм щагъэлъэпIащ, щытхъу тхылъэр хуагъэфэщащ лъэпкъми къэралми гурэ псэкIэ бгъэдэтхэу, щапхъэ зытрах унагъуэ дахэхэу Ислъэмей къуажэм щыщ Хъупсырджэнхэ Хьэсэнбийрэ Хъаджэтрэ, Жанхъуэтекъуэ щыпсэухэу Къуэдзокъуэхэ Хьусенрэ Ленэрэ, Кьулъкъужьи дэсхэу Хъуэтхэ Хьэсэнрэ Ритэрэ, Зеикъуэ къуажэм кьикIахэу Жылаухэ Арсенрэ Лелэрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Унагъуэм и илъэс» урысей зэпеуэм Бахъсэн районыр къызэрыщыхэжаныкIар. Псалъэм папщIэ, «Унагъуэр лъэпкъ хуэгъуэфIыгъуэм и хъумакIуэщ» Iыхьэм япэ увыпIэр кьыщахьащ Жылаухэ Арсенрэ Лелэрэ. «УнагъуэщIэ» Iыхьэм - Темботхэ Оксанэрэ Хьэчимрэ етIуанэ щыхъуахэщ. «Кьуажэдэс унагъуэ» зэпеуэм 3-нэ увыпIэр Къуэдзокъуэхэ Хьусенрэ Ленэрэ кьыхуагъэфэщащ, «Унагъуэшхуэ» Iыхьэм кьыщыхэжаныкIащ Хъуэтхэ Хьэсэнрэ Ритэрэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ районым и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ.

Бахъсэн щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Щапхъэ зытрах унагъуэхэр

● ГуфIэгъуэ зэхуэсхэр

КъБКъУ-м и студентхэм я тхыгъэхэр

Унэм зыщыгъаси, хасэм кІуэ

● Лъэпкъ Іуащыгъэ

Ижь-ижьыж лъандэрэ зэрихьэ хабзэхэмкІэ ди лъэпкъыр цІэрыІуэу къокІуэкІ. ЗэрыгрыІуэгъуэщи, цІыхухэм хэлъ дэтхэнэ хьэлри нэмысри къыщежьэр унагъуэрщ. Гуапэу сэлам къозыхьым, къыпщІэуплІэм, гулъытэ къыпхуэзыщІым къару къыпхелъхьэ, уегъэгушхуэ, гъащІэм ущегъэгуфІыкІ. Аращ гуапагъэмрэ нэщхъыфІагъэмрэ адыгэ хабзэм лъабжьэ бидэ щІыхуэхъури.

«УНЭМ зыщыгъаси, хасэм кІуэ», - жиІащ пасэрейм. Илэжьыпэкіэ мы псалъэхэр гъащІэм къыхэкІащ, мыхьэнэ куэд яІэщ. Уи лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэ дахэхэр уэ умыгъэлъапІэмэ, хамэр къакІуэу пхуигъэлъэпІэнукъым. Къэзанокъуэ Жэбагъы жиІащ: «Зэманым декІур лІыфІщ». Пэжщ, зэманым зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр егъуэт, ауэ, дауэ мыхъуми, укъэзыхэкІа лъэпкъыр пщІэжу, укъэзылъхуа адэ-анэм уахуэфащэу дунейм утетын хуейщ.

Ди пщІэмрэ нэмысымрэ дапщэщи тІыгъыжу, ахэр тхъумэу дыззэрыпсэун хуейм щыхьэт техъуэ нэгъуэщІ псалъэжь куэди диІэщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, «Нэхъыжь зымыгъэлъапІэр щхьэ лъапІэгъуэ ихуэрхъым» адыгэ псалъэжьыр. Нэхъыжьым пщІэ хуэзымыщІым адыгэхэм зэи цІыхуфэ ираплъу щытакъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къыщыстхэ къохъу къэзылъхуа я адэанэр хъзыфІэмыІуэхуэр, я Іуэху къыщикІым кІуэрэ, мазэ бжыгъэкІэ, уеблэмэ илъэс бжыгъэкІэ «дауэ фыщыт» жамыІэу Іэщыбі зыщІхэр, нэгъуэщІхэри. Сыхуейт ди лъэпкъым апхуэдэ къыхэмыкІыххэну.

Адэ-анэм зэи Іей ухуагъэзэнукъым, абы яхуэпщІ нэмысыращ уэри бгъуэтыжынур. Анэращ гъащІэ къыдэзытари, щІэдзапІэу щыІэм я къежьапІэри. Абы хуэдэу зыми зыхищІэфынукъым быным и гукъеуэри гузэвэгъуэри. Аращ адыгэ псалъэжьым «Анэр нэм хуэдэщ» щыжиІэр. Нэр къэмыплъэмэ, цІыхур хокІыж, нэсу зыхищІэрэкъым дунейм и фІыгъуэхэм ящыщ куэдым - апхуэдэщ анэ лъагъуныгъэм, Іэфы-гъэм, щабагъэм уахуэныкъуэнри.

Нэхъыжьхэм, адэ-анэм пщІэ яхуэтщІыну ди лъэкъщ. Нэхъыжьым пщІэ хуэпщІмэ, пщІэ хубощІ адыгагъэм, уи лъэпкъым и къежьапІэмрэ и тхыдэмрэ.

БАКЪ Каринэ.

Захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ щыгъэлъэпІэф мы дунейм

Адыгэ литературэм ди гъащІэм мыхьэнэшхуэ щиІыгъщ. Тхылъ уэзджам хэт лІыхъужьхэм удахьэх, абыхэм я щытыкІэр, гупсысэкІэр ди иджырей гъащІэм ибопх, уеблэмэ уи щхьэ иболъыт.

НОБЭРЕЙ ди зэхэтыкІэм хэлъ ныкъуасанигъэхэр мащІэкъым. Абыхэм ящыщ куэд наІуэ къыщецІ МафІэдз Сэрэбий и «Мыхъур» повестым. Абы хуэзфІокІ, гъуджэм диплъэм хуэдэу, дызригъэплъыжьын. ЦІыхухэр нэхъ гущІэгъуншэ щхьэ хуэрэ? Шхьэхуещагъэмрэнэмысыншагъэмрэ зэщІаубыдащ ди щІыгур. Дауэ пэлъэщ дыхъуну абыхэм? А упщІэми МафІэдзым жэуап иретыж Маржинэт и образымкІэ. Дахагъэ, къабзагъэ псори бгъэделъхьэ цІыхубз цІыкІум. Зи щхьэгъусэр пасэу зыфІэкІуэда цІыхубзыр гугъуехь куэдым пэщІегъэувэ. И къуэ сымаджэ цІыкІыри дунейм йохьж. ГъащІэм гугъапІэуи хъуэпсапІэуи щиІахэр фІокІуэд, дунейр къытоуныкІыфІэ. Зи щхьэр кІэрахъуэу утыку къина тхьэмыщкІэм и гур куэдым мажэ. Жэщ куэди гъыуэрэ нэху къытоущхэ. Ауэ сыт и Іэмал? Мэпсэу гукъэкІыж ІэфІэхэм хэту. Ахэращ иджы абы къыхуэнар. Сымаджэщым къыдыщІэлъ пщащэ цІыкІум, зи гур псэуэ зи пкъыр мылажьэм йогупсыс. Къарууэ иІэр зэхуехьэсри, гъащІэм и архъуанэм хохьэж. Мылъку фІэкІа нэкурэ напІэрэ зимыІэ цІыхухэм я пащхьэ кхоухтэ Маржинэт. Нэмысыншагъэ къыкІэлъызэрихьэну иужь кхиха Хьэжысмелыжьмы хуэфащэр ирещІэ. И Іэнатіэмрэ мылъку иІэмрэ къигъэсбэпу цІыхубзыр игъэпудыну иужь итар езыр и мыхъуным хуэдэрэ.

МафІэдз Сэрэбий Маржинэт хилъхьащ цІыхубзым бгъэдэлъын хуей хьэлыфІ псори. Ар щхьэгъусэ пэжщ, анэ гумащІэщ, акъылыфІэщ, гущІэгъу зыхэлъ, пэжыгъэмрэ къабзагъэмрэ зыгъэнэхъапэ адыгэ цІыхубз нэсщ.

ЦІыхур дунейм щытеткІэ, гугъуехь Іэджэм хуэзэнкІэ мэхъу. Абы и цІыхугъэр фІэмыкІуэду, и гухэлъыр къабзэу гъащІэм кІуэцІрыкІыфын хуейщ. Аращ цІыху нэс жыхуаІэри!

Кэздрэ зэхьэох жаІэу: «Нобэрей гъащІэм удекІуэкІыфын щхьэкІэ мылъку уиІэу, хьилагъэ пхэлъу ущытын хуейщ». Сыарэзыкъым абыкІэ! Уэ лыгъэ пхэлъмэ, цІыкІуэ уиІэу зыкъэплъытэжмэ, абыхэм япэуфыф, захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ щыгъэлъэпІэф мы дунейм!

ХЬЭЦІЫКІУ Залинэ.

● Дыщалъхуа щІыналъэм



Къызбрун Іуащхьэхэр

Дыгулыбгъуей къуажэм тхыдэ гъэщІэгъуэн иІэщ. Абы увыпІэ щхьэхуэ щызыІубыдхэм ящыщщ Къызбрун Іуащхьэхэр.

ЩХЪУАНТІАГЪЭР зэбэкІ, къуэ дэтхъуэжакІэ къэухъуреихьа Іуащхьищым я щыгу уихьамэ, абыхэм къуэ лъэщ гуэр къэзырпкърыкІыр зыхьібощІэ. Къуажэ бгъэдыхьэпІэр зыхъумэ плъыр тІысипІэу щытащ ахэр зэгуэр.

Іуащхьэхэм нэгузыужь дауэдапщэхэр щрагъэкІуэкІыу, тхьэлъэІуэр щащІу къекІуэкІащ. Арагъэнщ иджыпстуи жылагъуэм Къызбрун Іуащхьэхэм хуащІ лъытэныгъэр къэзыхэкІыр, щхьэусыгъуэнщэуи щыІэ щыгур щІрамыутыкІыр.

1932 гъэм Іуащхьэхэр зыджа щІэныгъэлІ Деген-Ковалевский Борис абыхэм илъэс щитху-щих я ныбжьу къихутауэ щытащ. Ахэр скифхэм я кхъэмащэу къалъытэ языныкъуэ щІэныгъэлІхэм.

ХХ лІащІыгъуэм и пэщІэдзэхэм Іуащхьэхэм я тхыдэр джыным щІэныгъэлІхэр нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ иужь ихьащ. Абыхэм къадэкІуэри, хабзэм къемыззгъыу кхъэмащэхэр зыхэзэтІыкъхэри Іуащхьэхэм кьебгъэрыкІуэу хуежьащ. Ялпэхэм Іуащхьэхэр яджыну, тхыдэм и напэкІуэцІкІэр зэфІагъэувэжыну хэтамэ, етІуанэхэр зыхущІэкъуар ар мылъку хэхъапІэ ящыныгрщ, абыхэм я Іэужьым ди лъэпкъым гулъытэ хэха зыхуищІыпхъэ щІыпІэр зэригъэкІуэдынум емыгупсысу. ЦІыхухэм жаІэж а Іуащхьэхэр къэзытІапхэм дыщэ, дыжьынхэкІ хьэпшыпхэр къагъэуту зэрыщытар. ЕкІуэкІ Іуэхур я щащыгурыІуэм, жылагъуэр Іуащхьэхэм «къащхьэщыжащ».

Зэманыр пэлъэщакъым Іуащхьэхэм. Ноби щыму Дыгулыбгъуей къуажэр къаухъуреихь, япэм хуэдэуи, жылэр кхъхъумэу къыпщагъэхъуу.

ТЕНДЖЫЗ Залинэ.

Зэманым декІур лІыфІщ

Си тхыгъэм фІэщыгъэ хуэсщІа псалъэжьым пысщэжынут, «Зэманым декІур лІыфІщ, и напэ фІэмыкІуэду». Мис апхуэдэт иужьрейуэ сызэджа тхыльым, Журт Биберд и «Гъуэжьхуий» романым, и лІыхъужь нэхъыщхьэ Къардэн Мурадин.

ТХАКІУЭМ и лІыхъужьыр и сабиигъуэм къыщыщІэдзауэ дегъэщІыху, ар къызыхэкІа унагъуэр, бгъэдэлъ гъэсэныгъэр, зыщІапІыкІа Іуэхугъуэхэр - ахэращ ПІытІыкъкІэ зэджа Мурадин цІыкІум и хьэпщэныр зыуухэр, и уеней еплъыкІэр зыуэзщІыр. Абы и нэгу щІокІ 1917 - 1920 гъэхэм екІуэкІа революцэр, 1930 гъэхэм ирагъэкІуэкІа колхоз ухуэныгъэмрэ кулакхэм ирагъыІлІа бэнэныгъэмрэ, 1941 - 1945 гъэхэм щыІа Хэку зауэшхэр, лІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм ди къэралым къыщыхъуа зэхъуэхъныгъэхэр.

Мурадин сыт хуэдиз и нэгу щІэмыкІами, Дыкъуэ къыхилъхьа гъэсэныгъэр имыгъэкІуэдын лъокІ. Совет властыр яухуэу еджапІэхэр къыщыхэзІуахым, ди лІыхъужьыр курыт еджапІэ щІагъэтІысхьэ, щІалэщІэм, щІэныгъэр къызэІуахын щІэзыдзам, совет гупсысэкІэр зыхепщэ. Абы бгырыс псэукІэр кІыфІыгъэ къыщохъу, адыгэ хабзэм щыщ гуэрхэри къемызэгъыжу къелъытэ. И ныбжьыр кІуэтэху, зэманым зихъэхъэхъу, абы и Іуэху еплъыкІэхэми захъуэж. Аращ цІыхум и щэнер. Абы зеузэщІ, гъащІэщІм и гъусэу зехъуэж, и гупсысэр мэкІуатэ.

Хэку зауэшхэм къикІыжу къэкІуэжыху, совет гупсысэкІэм зыщІишэІуэу, адыгагъэм и купщІэр фІэкІуэдауэ къысщыхъуат Мурадин, ауэ тхьгъэм и кІэм си Іуэху еплъыкІэр схъуэжащ. Къыхуагъэфэща къулыкъум пэрыту, ди лІыхъужьыр зэрыхуэзфІэкІкІэ цІыхум ядоІэпыкъу. Араща сыт хуэдэ Іуэху уимылажьмэ, сыт хуэдэ дуней умыпсэгъуами, сыт хуэдэу гъащІэр зэхэмызэгъыхьами, цІыхуу уехэнэжьн щІыхьеиф.

ГъащІэм гъуэжькуий куэд щызыпІэгъуа ди лІыхъужьыр, ПІытІыкъкІэ къыщеджам къыщыщІэдзауэ, Мурадин хъуэ-уэ дадэм хуэкІуэжыху - лІынибжь дэкІащ. И гъащІэм щригпІэжьым, къызгурыІуащ, хамэ щІыпІэ щеджэу, абы зэман куэдкІэ щыІами, игури и псэри адэжь щІынапІэм ехпаэу, адыгэ лъэпкъым хуэгумащІэ цІыху нэсу къызэрынар.

Сыт-тІэ адыгэ гъащІэм псом нэхъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэу хэтыр? Уадыгэу укъэнэнырщ. Къардэн Мурадин адыгэу къэнащ.

ДАУ Іэсият.

Хурирэт-нанэ и гъащІэм щыщ зы махуэ

«ЩІалэ гуэр къоджэ», - къыщыжраІэм Къалмыкъ Хурирэт куэбжэм къыдэкІащ.

- ПЩЭДЕЙ сыхьэт 12-м Бахьсэн фысшэну си пщэ къралъхьащ. Уэрэ Кэщыбей Амыдэрэ «Зауэм и бынхэр» медалыр ыкъыватынущ, - ар къыжриІэри, ІуигъэзыкІыжащ къыІухьар.

Хурирэт и пІэм ижьыхащ, и гупсысэхэр куэдым фІокІуэ. «Илъэс 80 сохъури, абы щыщу 72-м къриубыдэу нобэрей махуэм сыпэплъащ», - жеІэ абы щэхуу.

Нэху хуэмыкъэщу жэщыр игъэкІуащ. Пщэдджыжьым зигъэхьэзырри, жыхуиІа сыхьэт бжыгъэм щІалэм ахэр Бахьсэн ишащ.

Гуапэу къапежащ абыхэм а зэманым КъБР-м и Парламентым и депутату щыта Кьэнэмэт Замиррэ КПРФ-м Бахьсэн къалэм щиІэ и къудамэм и секретарь Къэзэр Равидэрэ. Псалъэ дахэхэр къыжраІэщ, хьэхуэкІи зыкъыхуагъэзэри, медалым щыгъуэу саугъэтрэ удз гъэгъабэ я къратащ. Нанэр къызэхуэсахэм хуэдеджащ и адэм теухуауэ итха усэхэм.

Укэм къэкІуэжа нэужь, Хурирэт и гупсысэхэм ирашащ гукъэкІыжхэм я лъахэм. Абы и нэгу къыщыхьэжащ и сабиигъуэм къыщыщІэдзауэ нобэм къэсыху къикІуа гъуэгуанэр. Иужьым, бынми щхьэгъусэми гу ящимыхуэу Хэку зауэшхуэм хэкІуэда и адэм и сурэт блыным фІэлъым зыхиуГъаззри жиІащ: «Си адэ тхьэмыщкІэ, нобэ медаль кьызэрызатар, фІыкІэ яГу дыкъэкІыу гулъытэ кьызэрытхуащам сызэригъэгушхуар уи псэм ищІауэ пІэрэ? Гуэ, гуфІэгъуэ нэпсхэр сфІызэхэзэрыхьыжат. СыгуІэрт, а зауэ гущІэгъуншэм адэнщэ сызэрищІам щхьэкІэ сыгуфІэрт, зэман гугъум дгъэвар, гува-щІэхами, зэрызэхащІыкІам папщІэ. ГъащІэм фІыри Іейри щызэхэухуэнащ. Пщэдеим ськтпигъаплъэр тщІэркъым. Ауэ ди Тхьэшхуэм сызэрелъэІуэр зыщ: сэ схуэдэ куэдым я адэхэр яІэщІэзыха, си гъащІэм ныбжь фІыщІэ къытрезыгъэдза зауэжьым хуэдэ ди щІэблэм къахуумыхь».

КЪАЛМЫКЪ Маретэ.

● Іуэху еплъыкІэ

Псори зэлъытар

«Иужь илъэсхэм нэхъ гугъу хъуащ курыт еджапІэр къыщаухкІэ я т экзаменхэр», «Сабийр Іэмал имыІэу егъэджакІуэ-дэІэпыкъуэгъу (репетитор) хуейщ», «Мылъку уимыІэу уи быныр пхуегъэджэнукъым ди зэманым»... Апхуэдэ псалъэмакъ куэд зэхьібох гъэ еджэгъуэр и кІэм щынэблагъэм деж. Нэхъыбэу ахэр къызыбгъэдэкІыр курыт еджапІэр къэзыух ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэрщ. Зыщыт щхьэрал экзаменхэрщ а псалъэмакъхэр къэзышэр.

ГЪАЩІЭМ зеужь, апщІондэхукІи ди псэукІэм щІэ куэд къыхохьэ. Абыхэм ящыщ зыщ ЕГЭ-ри. ЩІэныгъэ зэбгъэгъуэтыныр сыт хуэдэ зэманми тыншу щытакъым, ауэ иджы хуэдэу Іэмал нэхъыбэ щыщыІи къэхъуакъым. Уэыхуэи сыт хуэдэ тхьылъри богъуэт, абыи уХэмыту интернетым уи упщІэр ети, жэуапыр дакІикъэ бжыгъэм бгъуэтынущ. Уеджэну уигу ильыхэмэ, абы пэрыуэгу хуэхъу щхьэусыгъуэ щыІэкъым

ЕГЭ-р сабиим и психикэм зэран хуэхъуу къэзылъытэхэр мащІэкъым. Къапщтэмэ, билеткІэ экзамен тыныр сыткІэ нэхъ тыншт?! Сэ сызэреплъымкІэ, псори зэлъытыжар сабийр Іуэхум зэрыхуэбгъэхьэзырыщ. Псалъэмакъ мыщщэпэ кърахьэкІэхэм щІэблэм шынэ къраГащтэ. Абы зэщІиубыда ныбжьыщІэм нэгъуэщІ зыри зэхихьжыркъым, уеблэмэ и гупсысэр зэхуихьэсыжу а ищІэр къыщІухуэмыгъэльагъэр нэхъыбэщ. ЕгъэджакІуэхэм сабийхэр пасэу хуагъэхьэзырын хуейщ экзаменхэм. Псом япэраУэ, абыхэм я деж нахьэсын хуейщ ЕГЭ-р уэзыщІыныгъэ Іуэхуу зэрыщІымытыр, фІыуэ уеджамэ, пхуэмытын зэрыхэмыльыр.

«ИкъукІэ сэбэп мэхъу егъэджакІуэдэІэпыкъуэгъухэр. Ауэ абыхэми тебгъэкІуэдын зэманрэ мыхьэнэ уиІэн хуейщ. ФІыуэ зыхуэбгъэхьэзырмэ, упэльащынущ» - къыддэгъэушащ и гупсысэхэмкІэ илъэсищ и пэкІэ ЕГЭ-р зыта, иджы Къэбэрдей-Балъкъэр хэрал университетым и филологие къудамэм щеджэ Хамбот Мариранэ.

- 11-нэ классым ущыпсэсам деж зэманыр псынщІэ дыдэу кІуэу къыщІохъу, апхуэдизкІэ ар пхурикъуркъыми. Абы теухуауэ екІуэкІ псалъэмакъхэми уагъэгузавэ. Ауэ ди егъэджакІуэ Іэзэхэм я фІыгъэкІэ ди классыр а къэпщытэныгъэм хъарзынэу дыкъэхьэзыру къыщІэкІащ, - жиІащ мы гъэм курыт школыр къэзыуха Вындыжь Оксанэ.

Мы Іуэхум теухуауэ цІыху къэс езым и еплъыкІэ иІэжщ. Псори зэлъытыжар сабийр зэреджарщ, щІэныгъэ тэмэм зэзыгъэгъуэтарщ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм пэлъэщыфыр.

ЩОДЖЭН Іэминэ.

ГушыІэр зи Іэпэгъуу къекІуэкІа

Пасэ зэманым джэгуакІуэхэм мыхьэнэшхуэ ирату щытащ. Абыхэм цІыхум и пщІэр яІэтыфынут, апхуэдэ дыдэу яГъэлъэхъэшэфынут. Арат джэгуакІуэхэм пщыхэр щІафІэлІыкІыр.

ЗЕИКЪУЭ къуажэм джэгуакІуэшхуэ куэд дэсащ. Апхуэдэхэт Сыжажэ КъылъшыкъуэІ, Къазий Мамышэ, Щодджэн Іэсхьэд, Куп Ефэнды, Тез Чэлимэт сымэ. Абыхэм я лъагъуэм ирикІуат Іуэрыпуэдэ Іэзэу щыта Жэмыхъуэ СулътІан. Ар псэужамэ, мы гъэм и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирикъунут. И гушыІэ дахэхэр дунейм къытенащи, ахэр цІыхухэм яІурылъхуу, абы и цІэри ящыгъупщэнукъым.

«Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ», - зыхужжалэхэм хуэдэт СулътІан. Ар гупым хэсмэ, псори и жьэм еплъырт, сыту пІэрэ мыбы гъэщІэгъуэну кьыджиІэнур жыхуаІэу.

ГушыІэ дахэ куэд къызэринэкІащ Жэмыхъуэм. Абыхэм ящыщ зы мы си тхыгъэ кІэщІым къыщыхьэныну сыхуейт:

Сулътіан Налшык и санаторэхэм ящыщ зым зыгъэпсэхуакІуэ кІуат. А лъэхъэнэм ар курыт еджапІэм и завхозу лажьэрт, ауэ езыр зыхэхуа гупым школ унафэщІу захигъэІуащ.

Махуэ гуэрым ар кьалэм зыплъыхьакІуэ кьыдэкІауэ, школым и директор Шэфий абы и деж лъагъунлъагъу къэкІуащ. «Уи директорыр къэкІуат, схужеф-Іэж», - жиІащ абы кьыщыІуКІыжьым.

Сулътіан ар щыхуаІуэтэжым, куэдрэ мыгупсысэу: «Мис ар нэхъ Іуэхути, махуэ тІощІкІэ си пІэкІэ къэзгъэнар директор хьуауэ», - жиІэри уэим ищІакъым.

Жэмыхъуэ Сулътіан и гъащІэм кьыпащэ и гушыІэхэм. Нэхъыжьхэм щІэх-цІэхыуэр абыхэм щыгъуазэ ящІ щІэблэр.

КЪАРЭМЫЗЭ Индирэ.

Уэркъ хашэркъым!

ГушыІэ хъыбар

Бадзэуэгъуэ мазэр и гуащІэгъуэу екІуэкІырт. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэр сэ анэшым щызгъакІуэрт. Еджэным сыкъыдэхуами, Іуэху щІэныр зыми сщхьэщихатэкъым. Пэжщ, сыкъэзыхьу сагъэлажьэртэкъым, ауэ «ЦІыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ» псалъэжьым тету псэу анэш дадэхэ зыри умыщІэуи ущыІэфынутэкъым. Іэщыщхуэр, джэд, тхьэкІымэкІыхь, мэл, тхьэджэд бэуэ зиІэ унагъуэм зэи Іуэхущэ ущыхьынтэкъым. ЗыгъэщІалэшхуэр, дадэрэ нанэрэ зыгъуэр ящыхьэщыхьэм жысІэу, абыхэм махуэкІэрэ якІэлъыплІынкІэ къалэн зыщыщІыжат.

АПХУЭДЭУ, махуэ гуэрым шэджагъуэм нэблэгъэху Іуэм ситуаэ, си псэр пыхуу, си кІуэцІым тхьэусыхафэ макъамэр кьигъэІуу, Іуэхур нэзгъэсри, сызэсбауэурэ шыгъуэгумкІэ щыІэ псы кьижьыпІэмкІэ сунэтІащ. Псыр кьызоутІыпщри, кьижьр псынэпс щыІэтыІэ кьабзащэщ. Махуэ жьэражьэм игъэмэха си пкъыр жан кьэзыщІыжьыфыну хуримыкъури а псым щыщ ІубыгъуитІ-щыт. АрщхьэкІэ, нэщІ сыгът... Сытми, си шырыкъуитІыр кьэзгъэщІэрэщІэжауэ, псынэпс кьабзэм си нэр теплъызэри, си гупсысэхэм срахьэжащ. Ахэр здынэмыс щыІэтэкъым: ярэби, мыбы и псынащхьэр кьыщежьэр дэнэу пІэрэ? Іуащхьэмахуэ хьэмэрэ жьжьжьэж кьикІрэ? Апхуэдэу щыІэмылу щыщытым и щхьэусыгъуэр сыт? А псор си щхьэм щызэзгъэзаухэу сыщытыхукІэ, псым семыуБынкІэ Іэмал имыІэу сохъу. «Уэ мыбы уеехъапсэу, узэныкъуэкъужу ущыткІэ уи нэщІи къабил хъун?! Псалъэ птынщи, иужькІэ мы зы махуэ нэщІыгъуэр упшынысынщ», - си щхьэм жьзоІэжри, сызэхищІыкІыну Тхьэшхуэм лъэІукІэ зыхуэзоІаззэ. Хы Іуфэм заулкІэ кьытридзэу псы щІагъыр зыгъуэтыжьа бдзэжьейм срещхьт...

Сыхьэт ныкъуэ хуэдиз дэкІауэ унэм сыщІохьэж. ПщэфІапІэмкІэ сыщыблэкІым, дэлэным и мэ гурыхьыр кьысІуріуауэ. Нанэ и псэ ІэфІагъэр зыхилъхьэу ищІа дэлэным блэкІыгъуафІэтэкъым. Си нэщІри кьутагъэхэт. Ауэ а псом щымыгъуазэ дадэ дэлэн сшхьуэ сыкъыбудыныи сыхуейтэкъым. Дадэ сыкъуэлІымэ, пщэфІапІэм сыщІыхьэри, дэлэн бзыгъэ кьэсщтам седзэкъащ, етІуанэу си жьэм щыхуэсхьым: «Уошхэри-тІэ», - жиІэу ауаныщІу дадэ и макъыр си щІыбкІэ кьыщыІуауэ. Шэ фиям хуэдэу сыхьэкІэуэрэ сыкъыщІэжащ пщэфІапІэм. СщІамкІэ сыуКІытэжати, дадэ и нэгум сиплъэфынутэкъым.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІ хъуаэ, щІэщхьу кьэысщыщІам сегупсысу пэшым сыщІэсу, дадэрэ нанэрэ я уэрщэр макъ зэхьэох:

- Уей, нобэ дыгъу кьэзубдамэ, - жеІэ дадэ.

- Сыт хуэдэ дыгъу? - щІоупщІэ игъэщІагъуэу нанэ.

- Уэлэхьи, ди Мышэ къэдыгъуауэ дэлэн ишхыу кьэзубыдамэ. Абы и пэкІэ зымахуи щІакъуэ бзыгъитІи бзэкащ, - жеІэри, си Іуэху зыхэмылъри сэ кьыстохуэ.

«Сайуэтэжащ» жызоІэри сщІам нэхъ Іеижу сроукІытэж. Иджы си щэхур тІум наІуэ ящыхьуат иКІи дадэрэ нанэрэ си еІ ани ІуэнкІыбззэр яІыгъщ. Дауи, сэ нэхъ кьэщтэнт нэхъ мащІэм сыкъащІэну. «Уэркъ хашэркъым» жыхуиІэ псэпъафэр кьызоугубзыгъыжри, ар дадэ зэрыжеСІа хъунур зыхуэзгъакІуэу сыздэщысым, езыр кьызоджэ. И пэшым сыщІыхьри, щхьэгъубжэ Іухар хуэсщІыжыну кьызжиІащ. И псалъэ тІэужьІэ сщІакъым, згъэбыдэжауэ сыкъыщыщІэкІыжым:

- Уэркъ хашэркъым, - жысІэри щэхуу ездзащ.

Си щІагъыбзэр дадэ кьыгурыІуат, дыз эпІыьжри, тІыри дызэщІгуфІыкІащ.

Хэщхьэжыгъуэр кьыщысам, дадэ и пащІэкІэ щІагуфІыкІыу зыкьсхуегъаззэ:

- Уэркъ щыІэхур, накІуэ, дыхэщхьэжынщ, - жеІэри.

ДЫМ Аслъэнджэрий.

● Ди нэхъыжьыфІхэр

Жылэр зэрыгушхуэ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм щыщ Лыджьыдз Джахьфар ипхъу Женя иджыблагъэ ныбжь дахэ ирикъуащ - илъэс бгъущІрэ тхурэ. Жылэм дэсу кьыщІэкІынкъым а нанэ щыкІаФІэр зымыщІыхьу. Ар кьуажэм дэт курыт школым егъэджакІуэу, иужькІэ абы и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьащ.

ІЭЩІАГЪЭР кьыхиха зэрыхъуам и гугъу щищІкІэ, Женя жеІэ егъэджакІуэ хьуныр зэрыщІыкІырэ и хъуэпсапІэу зэрыщытар. Налшык кьалэ дэт пединститутыр кьиухри, Сэрмакъ жылэм и курыт школым урысыбзэмкІэ егъэджакІуэу игъэзэжащ. Зауэ зэман хьэлъэрати, сыт хуэдэ Іэнатіэмэ ІэщІагъэлІхэр ярикъуртэкъым. ЕгъэджакІуэхэри кьаймэщІэкІти, Лыджьыдзэм тхыдэмкІи иригъэджэн хуей хъуауэ щытащ.

Женя сыт и лъэныкъуэкІи удэзыьхьэх цІыхущ. Абы и гуапагъэмрэ и псалъэ дахэмрэ зылъэмыІэс яхэтхъым ар къэзыьхуурейихьэкІи. Илъэс тІощІрэ тхурэ мэхъу ар школым зэрыщыщІыпхъэ, ауэ зыхэтэ гупым, иригъэджэхэми, сабийхэм я адэ-анэхэми ягу кьинащ цІыху нэфІэгуфІэу, Іущу, жылэм пщІэрэ мэкъэрэ щиІэщ.

«ГъащІэ гъэзуанэ гугъу кьыІэпичащ Лыджьыдз Женя. Сыт хуэдэ щытыкІэ хьэлъэ имыхуами, и цІыхугъэрэ и нэмысрэ щифІэкІуэда кьэхъуакъым. И пщэ кьыдэхуэ кьаІэнэхэр жэуапльныгъэ пылъу игъэзащІэу, зыхэт гупымкІи щІэблэмкІи щапхъэу къэгъэгурыкІуэду. Дрогушхуэ икІи дропагэ апхуэдэ егъэджакІуэ Іэзэ, гъэсакІэу нэс ди щІэблэм зэрахэтам», - жаІэ къуажэдэсхэм.

Лыджьыдзм и гукъэкІыжхэм я нэхъыбэр егъаПІэм епхащ. А зэманыр и нэгу кьыщыщІигъэхьэжкІэ, гупсысэхуэр хэлъу топсэльыхьыж. «Зэман дахэ фиІэщ, фызыхуейр зыІэрыьгъэхьэныжкІэ нобэ гъащІэм Іэмал псори щыІэкъым. Абы щхьэкІэ фызыхуейр щІэныгъэщІи, фымыщІыхьэну феджэ. Ди тхыдэр зэвгъащІэ, фхъумэ, анэдэлъхубзэр зыщымыгъэгъупщэ. Лъэпкъыр хэмыкІуэдэжу кьыззэтенэнымкІэ бзэм мыхьэнэшхуэ егъэзащІэ», - захуегъазэ нобэрей щІэблэм Лыджьыдзм.

Женя гъащІэ гъусэ хуэхъуари тхыдэмкІэ егъэджакІуэт. ЗэщхьэгъусэитІым бынитІ яІэщ. Кьуэрпльху-пурылъхуу блы, абыхэм къалъхуауи блы кьыдэкІуэтэй. Абыхэм я екъулІэныгъэхэм нанэм и гукъыдэжьым хагъахъуэ.

БАЦЭ Залинэ.

Экономикэ Политикэ

Махэуку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Сыт хъыбар?

ГъэщІэгъуэн сщыхъуа хъыбар гуэрхэмкІэ къыщІэздзэнти «Махуэкум» щхьэкІэ зэхуэсхьэсахэр.

Пенсэм кІуа урысей профессорхэр ягъэзжьэну ираГъэблагъэ Хайнан хьтІыгум (мыр Китаймэ и ипщэ лъэныкъуэмкІэ хуоз, Урысейм и щыхуэхр виззншэу здэкІуэ щыІэпІэщ). ХьтІыгум и губернатор Щэнь Сяомин зэрыжиІэмкІэ, пенсэм кІуа урысей профессорхэм мы щыпІэм щыпсэухэм щІэныгъэ ятыфынущ, езыхэми Іэмал яІэнущ ТынщІэкъэну, зэгъэпсэхуну. «Абыхэм ди тенджызыр, дыгъэ зегъэупІэхэр, жьы къабзэр, щІыупэсыр ягу ирихьу къанэрэ лажьэмэ, къэралитІым здэщІэ Іуэхущхэм нэхъри зедгъэубгъун тхуэзэфІэкІынущ», - жиІащ губернаторым.

ЩІэныгъэр зэи лей къэрыкІуа, псалъэжьыр дауэ уигу къэмыкІынрэ, «хэт дэ къытхуеижыр?» жаІэу тІысыжахэм апхуэдэ джакІуэ къыщыхуаГакІуэкІэ!

КъыкІэлъыкІуэ хъыбарыр ди цІыхухэм ямыІэтэгъуа Іуэхущ. КъыздэзрыщІэкІымкІэ, Италием щыІэ банкхэм щІыхуэ къуатынущ къэуфкІэ. Зи гугъу ящІыр парлезанращ. Мы къэуфим и хэкур Италиерращ, ауэ дуней псом щІэупщІэ щиІэщ фІыуэ зэращІым къыхэкІыу. Езыр къэуфи быдэщ, пармезан лІэужьыгъуэм нэсын щхьэкІэ куэдрэ щагъэлъэ, кІэлъыплъу.

Ди нэгу къыщІэзгъэхьэт банкым дыщэмрэ ахъшэмрэ я пІэкІэ, къэуфи гъэтІылъыгъэ иІэу. Италием и закъуэщ апхуэдэ банк здэщыІэр.

Пармезаным щхьэкІэ «къэуфихэм я пащтыхь» жаІэ итальянхэм. Зы зэманми къэхъуакъым абы уасэ щимыІа. Псалъэм папщІэ, килограмм 50-м хуозэ еврэ 1 миным щІигъу.

Къапщтэмэ, банкым мы зэманым пармезан гъэтІылъыгъэу иІэр еврэ мелуан 250-рэ и уасэщ. ГъэщІэгъэнкъэ мы банкыр яхъунщІэну щэней яужь зэритар, арщхьэкІэ къайхъулІакъым. ЩхьумапІэм ущІыхьэпэми, ущхьущІыжьыфынущыми, апхуэдэу ящІащи. УкъыщІэжьафынущми, къэуфир налкъутналмзэскъым икІи ахъшэкъым, ар гъэпщкІугъуафІэ хъунукъым.

Араущи, банкым и дапхъэхэм къэуфиуэ мин 500 тельщ. Ар нэхъыбэжи хъунущ, сыту жыІпІэмэ, къэуфир зыщхьэщатыкІа ахъшэр банкым къыІэрымыкъэжми, ар хилъэфанукъым: щІэупщІэшхуэ иІэу, ееблэмэ къызэрищэхуам нэхърэ нэхъ лъапІэу ищжьафынущ.

Фым уегугън зэрыхуейр гурыуэгъуэщ, узыхуэмеиххэращ езыр-езыру багъэр. Абы и щыхьэтщ Москва областри, нэгъуэщІ щІыпІэхэри бэлыхь хэзыгъэт къэкІыгъэр. Батыргъэнщ (борщевик) абы зэреджэр. Езыр псынщІэу мэбагъуэ, метритІ и лъагагъуэ мэкІ, щІыхумкІи, щІымкІи, псымкІи щхъухьщ. Араущи, иупщыкІын хуейщ, ауэ баштекъуэз хэмыту Іуэхущ зэрызэрІэмыкІынур нэрылъагъуэ ти, къуэды ятелъхьэныкъо хуэкІуащ. Зи хадэм, Іуэхущ ІапІэм, губгъуэм, куэбжэгъуэм, уэрамым батыргъэнщ щІыпІэмыкІыщІэр ягъэпшынэнущ. ЦІыхум сом мини 3 - 5, къулыкъущІэм - сом мин 20 - 50, Іуэхущ ІапІэ зиІэхэм сом мини 150-м щегъэжьауэ 1 мелуаным нэс тралъхьэнущ.

Москва областым мы бэлыхь хэзыгъэт гъэкІуэдэну япэ дыдэу и бюджетым сом мелуан 300 щигъэбелджылащ. Ауэ а ахъшэри яхуирикъунукъым, цІыхухэми Іуэхур зэуэ зэдамыщІэмэ, езыри пхуэгъэкІуэдыныкъым: хадэр зым игъэжьабзэурэ и гъунэгъум ейр зэщІэкІауэ ядекъэнэмэ, абы къыпих жьлэр псынщІэ дыдэу къэкІынущ. КъинэмыщІауэ, батыргъэнщ къыщыкІ щІыпІэ псори жьлэр къимышІ щІыкІэ зэдамыгъэхабзэмэ, уи гугъуехьыр хэкІуэдауэ аращ.

Адыгэм мы къэкІыгъэр зыхуэдэр къуитащІэу, «батыргъэн лъабжьэу гум телъщ» жиІащ. Езыр зэрыщхъухьыр, и лъабжьэр бгъэкІуэдын щхьэкІэ ильэситхуитІ щІыр бгъэкъабзэзэ зэрыуейр арагъэнщ гущхьэм къытехьэлъэм щІригъэщхьар.

Батыргъэным и гугъу сщІын хуей щІэхъуар губгъуэжьыхапхъэми (амброзие жьыхуаІэм) и жьлэ къыпидзэгъэуэм сымаджэ хъу цІыхухэр зэрыкуэдырц. Абыхэм бзым е тенджжьэ Іуфэм «зыщагъэпщкІын» хуей мэхъу, щІыпІэр езыгъэбгынэ губгъуэжьыхапхъэр зэрыхуейуэ къокІ, кьогъагъэ, мэгъуж. НэгъуэщІ щІыпІэ кІуэну Іэмал зимыІэхэм, я нэхъ мащІэрамэ зы мазэкІэ я фэ дэкІыр къэІуэтэгъуейщ. Абы щыгъуэми, балигъи сабии и зэхуэдэщ мы къэкІыгъэм.

Батыргъэным и махуэ губгъуэжьыхапхъэми къыхуэбгъэкІуэн щхьэкІэ, ильагъуэгъэр щІыпІэ унафэщІхэри здэлэжьэн, ар изымыпущІыкІым къуэды телъхьэн хуейуэ къыщІэкІынщ.

Губгъуэжьыхапхъэр хуиту къыззрыкІым, зэрыбгъуэм и щыхьэтщ Налшык и «Горнэ» хьэблэм иужь дыдэу щауха «Звездочка» сабий садыр. УпхымкІыфу зэщІэкІауэ щІыІэнэщІ къыбгъурылъщ а Іуэхущ ІапІэм. Ар зейр зэхэдгъэкІыу едгъэгъэхъэбзэну яужь дыщихьэм, къикІа щыІэкъым. Араущи, Москва областым зэращІым хуэдэу, къуэдыкІ хуэкІуэн хуейщ сабии балигъи я узынщагъэр зэтезыкъутэ хъэкІыгъэр ди республикэм хуиту щымыкІын папщІэ. НэгъуэщІ хэкІыпІэ щыІэмэ нэхъыфІыжт.

ХъыбарыфІхэм ящыщщ егъэджакІуэхэр, дохутырхэр, артистхэр я ныбжь нэмысу пенсэм кІуэфу зэрыщытыгар УФ-м и Правительствэм къыззригъэнэжьыр.

Псалъэм папщІэ, егъэджакІуэр (щІыхуэбзи цІыхухъури) илъэс 25-кІэ, дохутырхэр илъэс 25 - 30-кІэ, балетым и артистыр илъэс 15-кІэ лэжьамэ, пенсэм кІуэ хъунущ, и ныбжьым емылытыгъу. Ауэ, псалъэм папщІэ, зи гугъу тщІы бжыгъэм хуэдиз мы гъэм иризыгъэкъур етІанэгъэкъым щагъэкІуэнур, атІэ зы илъэс дэкІмэщ. Ар пенсэ зэрагъэув щыкІэр зэрахъуэжьым къыщыгъэлъэгъуащ.

Иджы щыІэ пенсэм урипсэуфыну Іэмал щыІэкъым, ауэ лэжьыгъэм фІыуэ хэзыщІыкІ егъэджакІуэхэми, дохутырхэми, артистхэми щІэупщІэ яІэщ. Къапщтэмэ, дохутырхэр уней медицинэ Іуэхущ ІапІэхэм яфІэфІу къащтэ, я Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэижьыр къалъытэри. Ныбжь зиІэ артистхэр егъэджакІуэу мэлэжьэф, сабийжэм зыщІагъэужь центрхэми я бжэр апхуэдэхэм яхуэзІухуащ. ЕгъэджакІуэхэращи, си быным щІэныгъэ езгъэгъуэтарэт, жызыІэ адэ-анэхэр курыт еджапІэхэм нэхърэ нэхъыбэу щыгъуэгъыр репетиторхэращ.

Къэралым щат пенсэр зэрымащІэр улэжьэну узэрыхуитымкІэ пхутелъэщІэкъым, ауэ ари зы хэкІыпІэщ, пхуэзфІэкІыххэмэ, сэбэп узэрэпхуэр пщІэуэ, улахуэ гуэри къыпІэрыхьэу жьыгъэм зыхузбгъэхьэзырыныкмкІэ.

Кавказ Ищхъэрэм зэрызрагъэужьынум топсэлъыхь

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий тхъэмахуэ кІуам иригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм зэрызрагъэужьыну щыкІэм теухуа зэІущІэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм и Іуэху зезыхуэну зи пщэрылъ вице-премьер Мутко Виталий, Кавказ Ищхъэрэм и ІуэхуэмкІэ министр Чеботарёв Сергей, Президент Путиным и лЫкІуэу КИФЩІ-м иджы къагъэкІуа Матовников Александр, щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр зыхэта зэІущІэм Медведевым щыжиІам къыхэгъэщІпхъэщ, Урысейм и адрей хэгъэгухэм къагъэлъагъуэ зыужьынигъэм Кавказ Ищхъэрэр къызэрыкІэрыхур, къэрал федеральнэ программэ 28-м щыщу ди республикхэр 22-м фІэкІа зэрыхэмытыр, газу къагъэсэбэпам и уасэм и процент 85-м нэхъэ нэхъ мащІэ фІэкІа къызэрыхэмыкІар, щыІуэрэ сом мелард 1 - 3-м зэрыпэсар, электрокъарумкІэ щыІуэхэм сом меларди 3,5-рэ къызэрыхэхъуар.

Фигу къэзгъэкІыжьащ. Гулъытэ leй зыхуащІыну хэгъэгухэм Кавказ Ищхъэрэр нэгъабэ хагъэхьащ. Абы къикІращи, федеральнэ программэ къащтэжьм щхьэхуэу хатхэн хуеящ мыбы зрагъэужьыным теухуауэ ящІэнур. Ауэ Іуэхур щІагъэуэ кІуатэркъым. Медведевым жиІащ икІэщІыпІэкІэ ягъэбелджылын зэрыхуейр хэгъэгум хиубыдэ щІыналъэхэм заужьыным, газымкІэ, электрокъарумкІэ щІыхуэ яхуэзтримыхьэным епхауэ ящІапхъэр.

Мы зэІущІэм и гугъу щащІащ Урысейм щыпсэуэхэм я хэкуэгъу къэІэпхъуэжьхэм я Іуэхуэхэм теухуа ди программэм Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн республикхэр зэрыхагъэхьэм. Кавказ Ищхъэрэм щыщу иджыри къыздэсым Ставрополь крайращ а къэрал программэм хэтар. ЗэрыжиІамкІэ, 2018 - 2020 гъэхэм Шэшэным щыхуи 150-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым - 375-рэ ягъэІэпхъуэнущ. «Ахэр ІэщІагъэр щІэныгъэрэ зиІэ цІыхуэщ, республикитІым я экономикэм зиужьынымкІэ сэбэп хъунущ», - жиІащ Медведев Дмитрий.

Урысейхэм я хэкуэгъуу жыхуаІэр лъэпкъкІэ зыщыщым и гугъу ящыкъым, ауэ, хэзбгъэфащэ зэрыхъунмкІэ, ахэр СССР-р щыльэпсэжьым нэгъуэщІ къэралхэм къинахэм ящыщу къыщІэкІынущ.

Дунейр къэкІуахьи, уи унэ ихьэж

А псалъэжьащ псом япэу сигу къэкІар Норвегием къикІыжу и щыІпІэ къэзыгъэзэжа Маликов Жэмалдин теухуа тхыгъэм сыкъыщеджэм.

90 гъэжэм Шэшэным щекІуэкІа зауэм и зэранкІэ и лъапэр пахьи хуей хъуат мы щІалэм.

Илъэс 15-м ит щІалэ цІыкІуитІ, мэзым къэлэр къахьыну кІуаеу, лагъыбмэ теувэри, зыр иуклат, Жэмалдин и лъапэр пиудат. Арати, и адэ-анэм я къуэр ягъэкІуащ Норвегием щыпсэу я благъэхэм деж. ИлъэсипщІкІэ щыІащ ар а къэралым, ауэ игу щигъэтІылъакъым. Улус-Керт къуэжьм, и адэжь лъапсэм, къигъэзэжащ. «Сэ унагъуэу сыщыпсэуну абы сехъэупсакъым, си быщысПІныуи сыхуеякъым», - жеІэ Жэмалдин.

Къигъэзэжри, жэм къаш зыбжанэ зэригъэпэщащ, гъэшым кърит хэхъуэр щІым хилъхьащ, бдзжэнду къиштауэ иІэти. Абы джабэ нэкІуу гектар 75-рэ къиштэри, гектар 70-м мэзыдэ, адрейм къазмакъ, зэ, фейхоа щысхисащ.

ЩІалэм и закъуэкъым, абы къыкъуэтщ Норвегием щыпсэу и благъэр. А тІум я мурадщ щІыр гектари 150-м нагъэсэну, Іэщым яшхьи къыЗытрахыни яІэн папщІэ.

- Жьыгъэр къыззащІэувэжукІэ хэхъуэ диІэн папщІэ, жыг зэхуакуэм бжьыныкъу хэтсащи, къызэретхьэлІэжу зыщэхунуми дыгуряІуащ, - жеІэ Жэмалдин.

Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэнумэ, мэзыдэ мыгъэкъэбза килограммыр сом 600 и уасэщ, нэхъыщхьэраци, Краснодар крайм щыІэщ абы елэжьыж, Урысейми нэгъуэщІ къэралхэми щызыщІэ фирмэ. Мыри гъэщІэгъуэщІ: «Орехпром»-м къитым кьегъэльагъуэ мэзыдэрэ дэшхуэу ди къэралым щащэм, абы щІэупщІэу иІэм зэрыхэхъуэр. Къыхэгъэщцыпхъэщ: а шхыныгъуэм и нэхъыбэр хамэ къэралхэм къращ, нэгъабэ и закъуэ къащащ тонн мини 10-м нэс (доллар мелуан 50,8-рэ и уасэ).

ІэщІагъэлІхэм зэрыжиІэмкІэ, илъэситІ хуэдэкІэ дэм и процент 50-р ди къэралым къыщагъэкІыжу хъунущ. Зэрытлъагъуци, дей хэзысэну хуейр тригъэгушхэнущ мы шхыныгъуэм щІэупщІэшхуэ зэриІэм, ар узынщагъэмкІэ сэбэпу къалъытэу зи Іэнэ тезымыгъэкІхэм я бжьигъэм къызэрыхъуэм тепщыхьмэ.

● Зэпеуэ

«Нартхэм я фІыгъуэхэр» Кърымым щагъэлъагъуэ

Ди лъахэгъу сурэтыщІ-модельер Піажь Альбинэ и фондым къыхилъхьэри, УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр, Лъэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтыр, Урысейм и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэр я щІэгъэкъуэну Кърымым щекІуэкІащ «Нартхэм я фІыгъуэхэр» Х дунейпсо сабий-ныбжьыщІэ зэпеуэ-фестивалыр.

«АРТЕК» сабий зыгъэпсэхупІэм щекІуэкІа зэпеуэм хэтащ Урысей Федерацэм и щыналъэ 21-м я сабий 50-м щІигъу, Кърым Республикэм гъэзджэмкІэ и еджапІэхэм, сабий художественнэ школхэм я гъэсэнхэр. Сурэтыщ ныбжьыщІэхэм яхэтащ Урысейм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и «РОСИЗО» Къэрал музейгъэльэгъуэныгъэ центрым къыззригъэпэща «Сэ сыщыпсэу дунейр» урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекІуахэр, апхуэдэуи «Гъуэзджэм и дунейр - Артек» программэм хэтахэр.

НыбжьыщІэхэр еплъащ тхакІуэ, усакІуэ, здзэкІакІуэ, журналист, СКГИ-м ректорым и кафедрэм и доценту щита Жьлэтэк Сэлэдин и сценарийкІэ ягъэхьэзыра «Сосрыкъуэ мывэм и къуэр» мультфильмым. Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм, адрей къэралхэм ящыщ школ-кІуэхэм я зэхьэзыращ Кузьмин Валентин и «Сокровище нартов» тхылъым теухуа сурэтхэр.

Іуэхур кІыззэзыгъэпэщащэхэм фІыщІэ хуащІащ проектыр къадзэзыІыгъа, «Артек» зыгъэпсэхупІэм унафэщІ Каспржак Алексей, абы и чэнджэщэгъу - «Артековец» газетым и редактор нэхъыщхьэ Вербенко Алексей, апхуэдэуи «РОСИЗО»-м и Правительствэм щэнхабзэмкІэ и сауГъэтым и лауреат Піажь Борис къыззрыджиІащи, «Нартхэм я фІыгъуэхэр» Іуэхум и мыхьэнэ нэхъыщхьэр къытщІэхъуэ щІыблэр лъэпкъхэм я щэнхабзэм и тхыдэм щыгъуазэ щыныырщ, зэчий зыбгъадэлъ щІалэгъуалэр къэгъэнэІуэуэ адэкІэ заужьын папщІэ абыхэм ядэІэпыкъуныр щ, Урысейм и хамэ къэралхэмрэ егъэджэныгъэмкІэ я Іэнатіэхэм щэнхабзэ, лъэпкъ зэпыщІэныгъэр щыгъэбыдэныр щ, зыщІегъэжьыныр щ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм я щэнхабзэр Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми егъэщІыхуныр щ.

Зэпеуэм зэхуэм, илъэсихым къыщыщІэдзауэ илъэс 17-м нэс (я ныбжькІэ гупищу гуэшащ), нарт эпосым теухуа я сурэтхэр къызэрэпэщакІуэ комитетым хуагъэхь. Зэхьэзэхуэм и япэ Іыхьэр школым, Іэщ Іагъэ щрагъэГъуэт еджапІэм, еджапІэ нэхъыщхьэм, студием и кружокым иregъэкІуэкІ. ЕтІуанэр - Налшык къалэ, зэпеуэм и къызэрэпэщакІуэ комитетым.

Юбилей фестиваль-зэпеуэм щытекІуахэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэр, апхуэдэуи ильэсищ Іым къриубыдэу жюрим нэхъыфІу къилъыта сабий сурэт 50 щкІуэ-гъуэмрэ дыгъэгъазэмрэ щагъэлъэгъуэнущ Мэзкуу (Лъэпкъхэм я унэм), Сирие Хьэрыл Республикэм (Дамаск къалэ, Урысей щэнхабзэ центрым).

Зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм хэтыну лэжьыгъэхэр егъэхьын хуейщ фокладэм и 15 пщІондэ. Нэхъ зэпкърыхауэ зэпеуэм кърикІуахэм щыгъуазэ зыщыфхуэщІыфынущ мы сайтхэм: www. elot.ru, www.albina-tazheva.com.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Бжьэхэм яхощІ, роботхэм къахохъуэ

Газетхэми телеканалхэми къаІэт хъуащ бжьэхэм я Іуэхур зыІутыр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы теухуауэ щІэныгъэлІхэм жаІэр зэтохуэ, щыпсэу я къэрал, континент емыльытауэ.

Иужьрей илъэсищІым Урысейм процент 40-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ бжьэхэм я бжыгъэр. Ар «Высшая школа экономики» институтым игъэбелджылра бжыгъэщи, щэчи къытедмыхьэми хъуну къыщІэкІынщ.

США-м я Іуэхур нэхъ Іеижщ. А зи гугъу тщІы иужьрей илъэсищІым къриубыдэу Америкэм мэзым щІэс бжьэхэм я процент 90-р, унагъуэхэм щаІыгъэм я процент 80-р фІэкІуэдащ.

ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, ащхьэдуэрэ екІуэкІмэ, 2025 гъэхэм ехъулІэу бжьэхэр кІуэдыжьпэнкІэ хъунущ, ар щІыуэпсым и щытыкІэм пхуэмыгъэзэкІуэжьыну егуэузнущ. Мэкъумэшхэхэм я Іыхьэ щанэр къытхуэгъэкІыжьынукъым.

ООН-м хэтщ ФАО жыхуаІэр - ерыскъымрэ мэкъумэшхэкІымрэ елэжьхэм я зэгугъэныгъэ. Бжьэхэм яТеухуауэ икІэщІыпІэкІэ зыгуэр щІэн зэрыхуейм гу лърагъэтэн щхьэкІэ, ФАО-м къыхилъхьэри, мы гъэм накъыгъэм и 20-м япэу ягъэлъэпІащ Бжьэхэм я дунейпсо махуэр. Узынщагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо организацэмрэ (ВОЗ) ФАО-мрэ зэгурыІуэри, пестицидхэр къызэрыбгъэсэбэпын хуей щыкІэм и Международнэ кодекс зэхалъхьащ. «НэгъуэщІ мыхъуми, унагъуэхэм удз гъэгъахэр куэду щыгъэхІ, бжьэхэр кІуэдыжьну дыхуэмейми», - жаІэ а кодексыр зи жэрдэмхэм.

Дауи, псори епІэщІэкІакъым а кодексым къигъэувыр яГъэзэщІэну, ауэ Іуэхур зыІутыр хьэкъ зыщыхъуаи щыІащ. Псалъэм папщІэ, Европэм илъэс зыбжанэ хуэдизкІэ къыщагъэсэбэпыжьыркъым глифосат зыхэлъ гербицидыр, аращ удз къамыгъэкІыжьыр щІыкІэ щыІ. Ауэ, а мэкъумэшхэм я къэхъэр. Ар дуней псом щызыщэ компаниехэм ящыщу нэхъ ЛъпкъэрэІуэ а гербицид лІэужьыгъуэр ищэжьыркъым, дызэрыщІугфыкІынщи, Урысейри хиубыдащ ар зримыщэжхэм.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, зы компаниеми имыщэкІэ Іуэхур зэфІэкІыркъым. ЩІыпІэ къэс я унафэ ящыжын хуейщ, мэкъумэш, хадэхэкІ яІэну хуейм. Урысейр къащтэмэ, а Іуэхум теухуауэ щапхъэу къалъытэ Белгородскэ областыр. Мыбы илъэс къэс щагъэмащІэ пестициду къагъэсэбэпыр, биологие Іэмалхэмкіэ гъавэ бэв зыІэрагъэхьэ. А щыкІэм тету щыІ и закъуэкъым яхъумэр, атІэ цІыхуми я узынщагъэм хэщхьэпэн Іуэху ялэжь.

- Бжьэхэр кІуэдыжьа иужькІэ илъэсиплІ гъащІэщ цІыхуцІэ зиІэм къахуэнэр, - жиІэу щытащ Эйнштейн, сыту жыпІэмэ бжьэхэм яушэс (опылять ящІ) мэкъумэшхэкІым я процент 75-р. Бжьэхэм дэкІуэдыжьнущ мыІэрысэри, нащэри, къэхьэуэри, нэгъуэщІ куэди. Пестицидхэр зыгъэмэщІахэм я гъавэм зэрыхэмыщІам и щапхъэфІхэр щыІэщ, а мэкъумэшхэм я къэгъэкІым химиие щхьэхъ тракІэрхэми, я хьэсэбгъуэхэм бжьэ матэхэр щаІыгъащ.

Гуэвэгъуэм уимыгъэщІэн щыІэ? Китайм бжьэр кьемэщІкІ щыхъум, цІыхухэм я лэжьыгъэм ІыхэхъуащІ: абыхэм къэкІыгъэм я гъэгъэгъуэм хьэсэмрэ хадэхэмрэ къызэхакІухь кьудамэхэр ягъэсысу. Москва и гъунэгъуу хадэ щыІэхэм мыІэрысэмрэ балиймрэ пшахъуэ кърагъэщэщхащ, гушахър яушэсын мурадкІэ. Хэт жиІэн ар лэжьыгъэ тыншу?

КъэкІыгъэхэр зыщыгугъ бжьэхэр кІуэ пэтми мащІэ зэрыхъум и къэгъэвэрэн, Гарвард университетым и щІэныгъэлІхэм бжьэ-робот къагупсысащ. Америкэм нэмыщІауэ, бжьэ-роботым йолэжь Японием, Инджылызым, Польшэм я щІэныгъэлІхэрэ.

Хъунщ, бжьэм и кьалэным роботыр пэлъэщу сощІ, ауэ фор къыздикІынур дэнэ?

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Тхэквондо

Командэ къыхэхам ирагъэблагъэ

Таганрог къалэм мы махуэхэм щекІуэкІащ тэмэму зэхэзымыхэм я тхэквондомкІэ я Урысейпсо чемпионат. Абы хэтащ къэралым и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа спортсмен 150-м я ныбжьыщІэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и япэ махуэм алэрыбгъум къытехьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменитІ - Жылэ Татьянэрэ Сатушы Мадинэрэ. ХХІ Сурдолимп джэгуэхэм хэта Жылэм я зы Іэмали и хьэрхуэрэгъуэхэм яритакъым икІи дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ.

Япэ зэІущІитІым шэч къызытумыхьэн текІуэныгъэхэр къыщызыхьа Сатушыр финал зэІущІэм къыщыхуигъэщІащ Мэзкуу и чемпионым.

Къэралым и чемпионатым къыщагъэльагъуэ зэфІэкІ лъагэхэм япкъ иткІэ хъыджэбз цІыкІуитІри гъэхьащ Урысейм и командэ къыхэхам. Мы гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм ахэр хэтынущ Японием щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым.

Спортсменхэр ягъасэ Ахъмэт Амир, Щокъарэ Хьэзрэталий, Хан Артур сыщІ.

МЭЗКУУ Къан.

КъБР-м ЩЭнхабзэмкІэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэралІэзэна Іэхущ ІапІэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» ОРТК-м, программэмхэр къызэт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ республикэ полиграфкомбинатым я коллективхэр КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубз усакІуэ **Бицу Анатолэ Мурат и къуэм** хуогузавэ абы и къуэ **Алим** пасэу дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ

ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэбІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и хъущ), **Къэншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5



ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ ІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ ІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 5, 6 -нэ нап.),* **Инэроквэ Азэмэт** *(1, 2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэуэфокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ягущащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниющ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щызэхащэрэ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.173 ● Заказ №731